КХЕТОРАН КЕХАТ

Ненан (нохчийн) маттахь литературни йешаран йуьхьанцарчу йукъарчу дешаран герггарчу хьесапан белхан тIегIанехь программа хIоттийна 2018-чу шеран 3-чу августера Федеральни низам кхочушдарца (№ 317-ФЗ «Россин Федерацехь дешарх» цIе йолчу Федеральни низаман 11-чу а, 14-чу а статьяшкахь Федеральни пачхьалкхан йуьхьанцарчу йукъарчу дешаран стандартан буха тIехь хийцамаш барх (Россин Федерацин серлонан министерствон 31.05.2021 ш. № 286 «Федеральни пачхьалкхан йуьхьанцарчу йукъарчу дешаран стандарт чIагIйарх» омра, регистраци йина Россин Федерацин юстицин министерствос 05.07.202I ш. № 64I00) а, Кхетош-кхиоран гергграчу хьесапан программица (чIагIйина йукъарчу дешарехула йолчу ФУМО 2020-чу шеран 2-чу июнехь бинчу сацамца) а догIуш, Россин Федерацехь ненан мотт хьехаран концепци (чIагIйина Россин Федерацин Правительствон 20I6-чу шеран 9-чу апрелехь № 637-р бинчу сацамца) а, РФ-н Серлонан министерствон коллегис 20I9-чу шеран I-чу октябрехь чIагIйина йолу Россин къаьмнийн ненан меттанаш хьехаран концепци а, ГКУ «Нохчийн меттан институтан» Iилманан кхеташоно, I2.05.2022 шеран №3 йолу протоколаца чIагIйина Нохчийн мотт а, нохчийн литература а хьехаран концепци а тидаме а оьцуш.

Иштта кху кехатан низаман бухе диллар ду: Россин Федерацин Конституци, Нохчийн Республикин Конституци, I99I-чу шеран 25-чу октябрехь тIеэцна долу «Россин Федерацин къамнийн меттанех» долу Россин Федерацин низам, 2007-чу шеран 25-чу апрелехь N I6-РЗ **тIеэцна долу** «Нохчийн Республикин пачхьалкхан меттанех» долу Нохчийн Республикин низам а, «Россин Федерацехь дешарх» долу ФН № а, 20I4-чу шеран 30-чу октябрехь № 37-РН тIеэцна долу «Нохчийн Республикехь дешарх» низам а.

Нохчийн мотт – нохчийн къоман мотт бу, оьрсийн маттаца цхьаьна Нохчийн Республикин пачхьалкхан мотт а бу, цу гIуллакхо дика хьелаш кхуллу и мотт Iалашбан а, кхион а. I-4-чу классашкахь «Ненан мотт а, ненан литература» а предметан декъехь хьоьхуш йу ненан (нохчийн) маттахь литературин йешар, иза тIехьажийна йу дешархойн кхетаман-довзаран, хьасене хиларан, исбаьхьаллин-эстетикин таронаш кхион а, гIиллакх-оьздангаллин мехала болу хьежамаш кхолла а, бер нохчийн къоман культурина тIеозон а.

«Ненан (нохчийн) маттахь литературин йешар» предмет – гуманитарин дешаран коьртачех цхьа предмет йу, цо адам кхиаран кхетаман а, гIиллакх-оьздангаллин а тIегIа билгалдо. Литературин дешаро гIо до йешаран а, литература талларан а мехалла а ша кхидIа кхиарехь мел ладаме ду хууш а, шена хетачун бух балон а, барта а, йозанца а шена хетарг охьадилла хууш а волу йешархо кхион а; хIара дуьне а, кху дуьненахь ша а вовзаран гIирс санна, йешар оьшуш хила а, стеган а, йукъараллин а йукъаметтигаш шера хилийта а.

Программо йукъалоцу кхеторан йоза а, предмет дIалацаран хила лерина жамIаш а, предметан чулацам а, программин хIора дакъа Iамон лерина долу сахьташ билгал а дохуш, тематикин планировани а, дарсел арахьарчу гIуллакхийн план а.

ХIара программа лерина йу ненан (нохчийн) меттан а, литературин а хьехархошна «Ненан (нохчийн) литература» предметана дешаран а, белхан а программаш хIиттон бухе йилла. Авторийн а, белхан а программаш йазйечеран йиш йу дешаран материал дIакхачорехь, хIотторехь а, сахьташ теманашка а, дакъошка а декъарехь шайна зеделлачух пайдаэца.

«НЕНАН (НОХЧИЙН) МАТТАХЬ ЛИТЕРАТУРНИ ЙЕШАР» ДЕШАРАН ПРЕДМЕТАН ЙУКЪАРА ХАРАКТЕРИСТИКА

«Ненан (нохчийн) маттахь литературни йешар» дешаран предметан герггара белхан программа кечйина йу йуьхьанцарчу йукъарчу дешаран программа кхочушйечу хьукматашна. Программа тIехьажийна йу дешаран хьукматашна а, хьехархошна а методически гIо дарна, цо таро лур йу:

1) «Ненан (нохчийн) маттахь литературин йешар» дешаран предмет хьехаран процессехь Федеральни пачхьалкхан йуьхьанцарчу йукъарчу дешаран стандарташкахь билгалдина долу адаман кхиаран, метапредметни, предметни дешаран жамIаш кхузаманан лехамашца догIуш кхочушдан;
2) «Ненан (нохчийн) маттахь литературин йешар» дешаран предметан Iаморан хила лерина жамIаш а, чулацам а ФГОС НОО а; йуьхьанцарчу йукъарчу дешаран герггарчу хьесапан коьртачу программица (йукъарчу дешарехула федеральни дешаран-методически цхьаьнакхетараллин 20I5-чу шеран 8-чу апрелехь № I/I5 протоколаца йинчу редакцехь) а; кхетош-кхиоран герггарчу хьесапан программица (магийна йукъарчу дешарехула федеральни дешаран-методически цхьаьнакхетараллин 2020-чу шеран 2-чу июнехь № 2/20 протоколаца бинчу сацамца) а догIуш, дешаран шерашца билгалдан а, структура хIоттон а;
3) Билггалчу классан башхаллаш тидаме а оьцуш, билггала долу дакъа-тема Iамон лерина дешаран хан а нисйеш, ткъа иштта дешаран материалан дакъош/теманаш дIалацарна тIехьажийна долу дешаран гIуллакхийн коьртачу кепех а пайда а оьцуш, календаран-тематически план хIоттон.
Программин чулацам тIехьажийна бу «Ненан мотт а, ненан маттахь литературин йешар а» предметан декъана йолчу йуьхьанцарчу йукъарчу дешаран коьрта программа дIалацарна Федеральни пачхьалкхан йуьхьанцарчу йукъарчу дешаран стандарташкахь билгалдинчу тIедахкарийн (тIедожор) жамIашка кхача.

«Ненан мотт а, ненан маттахь литературин йешар а» предметан декъана йолчу йуьхьанцарчу йукъарчу дешаран коьрта программа дIалацарна ФГОС НОО тIедахкаршца догIуш, курс тIехьажийна йу Россин Федерацин культурин экъанехь ненан меттан литературин меттиг а, роль а муьлха йу а, историко-культурин, оьздангаллин, эстетическин мехаллаш Iалашйарехь а, цхьана тIаьхьенера вукху тIаьхьене дIакхачорехь а лоцучу декъах а кхеторна; Россин Федерацин субъектан культурин а, гIиллакх-оьздангаллин а, эстетикин а йуьхь кхолларехь къоман фольклоро а, исбаьхьаллин литературо а лоцучу декъах йуьхьанцара хьежам (хаарш) кхолларна а; ненан меттан литература къоман культурин дахаран довзаран цхьа коьрта дакъа а, къоман а, Россин а культурин хилам а, оьздангаллин мехаллаш а, ламасташ а лардаран гIирс а, дуьнене а, къоман историга а, культурига а хьежам а хиларх кхетам кхолларна а, ненан маттахь йешаран лехамаш хиларна а.

«Ненан (нохчийн) маттахь литературин йешар» курсан бухе йиллина нохчийн литературо чулоцург къоман культурин ламастийн мехаллийн кодийн система йу боху ойла йу. Нохчийн къоман культурин ламасташ Iалашдаран гIирс хилла ца Iаш, нохчийн литература зIе йу къоман дIадаьлларг, карарниг, хиндерг вовшашца дузуш а, кегийчу дешархойн кхетаме и дуьллуш а.

«НЕНАН (НОХЧИЙН) МАТТАХЬ ЛИТЕРАТУРНИ ЙЕШАР» ДЕШАРАН ПРЕДМЕТ IАМОРАН IАЛАШОНАШ

«Ненан (нохчийн) маттахь литературни йешар» предмет Iаморан **Iалашонаш** йу:

- Нохчийн литературе а, нохчийн матте а къоман культурин мехалчу декъе санна ойла кхолла;
- Дешархой шайн къоман культурин-меттан экъанна йукъабалор а, уьш къоман ламасташна а, культурин тIаьхьалонна а, кхузаманан хьелашна а йукъаозор;
- Чкъурашна йукъарчу зIенах кхетар, нохчийн культура Iалашйарна шаьш жоьпалле

хиларх ойла кхиор;

- Йешаран говзалла кхиор.

Цу Іалашонашка кхачаро хІара **декхарш** цхьалхадоху:

- Россин гражданаллин идентичностан баххаш кхоллар, шайн Даймахках а, Россин халкъах а, Россин халкъийн цхьаалехь мехкан исторех а дозалла дан Іамор, шаьш муьлхачу къомах ду кхетор; Россин дукхакъаьмнийн йукъараллин мехаллаш кхоллар;
- Нохчийн къоман историко-культурин зеделлачун тІалам бан Іамор, дешархочунна шен къоман культурин-меттан хьал довзийтар; йуьхьанцарчу классийн дешархочунна нохчийн литература историко-культурин, оьздангаллин, эстетикин мехаллийн хьоста санна йезайалийтар;
- Нохчийн литературехь гайтина йолчу нохчийн синкхетамна ладаме йолчу гІиллакз-оьздагнгаллийн мехаллех хьежам кхоллар;
- Нохчийн литературин говзарш Іаморан буха тІехь нохчийн меттан исбаьхьаллин-эстетикин таронех хаарш совдахар;
- Адаман амал кхиарехь а, къамел шардарехь а даима йеша хьагам кхоллар;
- Тайп-тайпанчу текстийн чулацаман а, башхаллин а мах хадоран йешаран хаарш шардар, уьш йийцаре йарехь дакъалацар;
- Къамел даран йерриге а кепаш кхиар, йешначух лаьцна барта а, йозанца а дийца хаарш карадерзар.

«НЕНАН (НОХЧИЙН) МАТТАХЬ ЛИТЕРАТУРНИ ЙЕШАР» ДЕШАРАН ПРЕДМЕТАН ДЕШАРАН ПЛАНЕХЬ МЕТТИГ

«Ненан (нохчийн) маттахь литературин йешар» предметана программа йуьхьанцарчу йукъарчу дешаран Федеральни пачхьалкхан дешаран стандартехь гайтинчу дешаран программа дІалацаран жамІийн предметни лехамийн буха тІехь хІоттийна а, 270 сахьтан[1] (66 сахьт І-чу классехь а, 68 сахьташ 2—4-чу классашкахь) бараман дешаран йукъарчу тІедилларна лерина а йу. Программин инвариантни дакъа Іаморна луш дешаран 233 сахьт ду. 37 дешаран сахьтах лаьтташ йолу дешаран тІаьхьалонан хан программин вариативни декъана дІало, цо йукъалоцу авторийн Іаматийн линейкина оьшу белхан программа хІоттийнчу авторша къастийна говзарш.

«НЕНАН (НОХЧИЙН) МАТТАХЬ ЛИТЕРАТУРНИ ЙЕШАР» ДЕШАРАН ПРЕДМЕТАН ГЕРГГАРА БЕЛХАН ПРОГРАММИН ЧУЛАЦАМАН КОЬРТА ЛИНИШ

«Ненан (нохчийн) маттахь литературни йешар» дешаран предметан программехь белла чулацам бу, и теллича нохчийн литературин къоман-культурин башхалла а; нохчийн меттан а, нохчийн литературин а Нохчийн Республикин а, Россин а историца, нохчийн къоман материале а, синбахаман а культурица а йолу зІе а йаста некъ лур бу. Курс лерина йу йуьхьанцарчу классийн дешархойн литературин а, культурин а хьежам шорбан; йуьхьанцарчу классийн дешархойн йешаран жигарчу гонна йукъайогІучу фольклоран а, нохчийн классикийн а, нохчийн кхузаманан литературин а говзарша таро ло дешархошна адамаллин мехаллашкахь нохчийн культурин а, къоман синкхетаман а коьртачу баххех кхетам бала. Йуьхьанцарчу классийн

---

[1] *Нохчийн Республикин йукъардешаран цхьаьнакхетараллашна лерина дешаран план х1отторехь ГБУ ДПО «НР ДКХИ» кечдинчу методически хьехаршца дог1уш, «Ненан мотт а, ненан маттахь литературин йешар а» предметан декъана леринчу программехь сахьтийн барам совбаккхархьама, и сахьташ кхечу предметан декъера схьаэцар хьоьху из дешаран хьукматан лаамца йа дешаран хьукматан таронашка хьаьжжина д1ахьуш долчу коьрта предмет 1аморна лерина т1етоьхначу сахьташ т1ера.*

дешархошна йеша а, талла а схьакховдийначу нохчийн литературин говзарша схьагойту нохчийн къоман культурин тайп-тайпана агIонаш, жигарайоху даимлера мехаллаш (дикалла, доглазар, синшорто, къинхетам, эхь-бехк, бакъдерг, доьзалан мехаллаш, патриотизм, баккхийчаьрга ларам, адамалла, и. кх.дI.).

Кху программехь «Ненан (нохчийн) маттахь литературни йешар» курсан башхалла кхочушйина кху бахьанашца:

а) нохчийн къоман амал, Iадаташ, ламасташ, нохчийн культурин синбахаман мехаллаш, адамаллин мехаллаш а, эхь-бехк а гойтуш долу говзарш схьахаржарна;

б) нохчийн йаздархойн нохчийн бераллин дуьне гойтучу говзарш тIе тидам бахийтарна: доьзалехь бер кхетош-кхиоран башхаллаш, баккхийчаьрца а, нийсархошца а цуьнан йолу йукъаметтигаш, беро шена гонахара дуьне тIелацаран башхаллаш.

«Ненан (нохчийн) маттахь литературин йешар» Iаморо гIо дийр ду дешархойн мотт хьал долуш барна а, церан къамелан культура а, хьасене бовларан хаарш шардарна а. Шена тIехь программин проблемно-тематически блокаш хIитточу дидактически материалана культурно-исторически тIедалорах а пайдаоьцу. ХIора проблемно-тематически блока йукъайогIу нохчийн къоман синбахаман а, материале а культура гойтуш болу кхетамаш. Программехь йеллачу говзарийн чулацам йуьхьанцарчу классийн дешархочун лехамашна гонаха хIоттийна бу, хаьржинчу говзарийн башхаллашкахь гуш а бу.

«НЕНАН (НОХЧИЙН) МАТТАХЬ ЛИТАРЕТУРНИ ЙЕШАР» ДЕШАРАН ПРЕДМЕТАН ЧУЛАЦАМ

«Ненан (нохчийн) маттахь литературни йешар» курсан чулацам билгалбечу хенахь коьртачу тидамехь ду:

1. Къоман кхетамна мехала долу, йеххачу хенан йохалла — кхузамане кхаччалц – культурехь коьрта меттиг дIалоцу хIуманаш (масала, баккхийчаьрга, нене ларам, Даймахке безам, догдикалла, доглазар, нийсо йезар, эхь-бехк, сий, и.кх.дI.) Цу коьртачу кхетамашца болх дIахьо йуьхьанцарчу классийн дешархоша дIалоцур долчу кепара хаьржинчу нохчийн йаздархойн уггаре а къегинчу, нохчийн литературин а, культурин а башхаллаш кхочушйинчу говзарш тIехь. И говзарш йовзаро гIо до йуьхьанцарчу классийн дешархошна къоман культурин ламастех а, нохчийн культурех а кхета.

2. Йуьхьанцарчу классийн дешархойн лехамаш: говзарийн доккхачу декъан турпалхой йуьхьанцарчу классийн дешархойн нийсархой бу, церан дуьне довзарца босту программехь билгалбина культурно-историн кхетамаш. Программи йукъайахийтина тайп-тайпанчу заманашкахь берийн дуьне гойту а, церан кхиаран некъаш а, амал йахчайалар а, оьздангаллин къилбанаш кхолладалар а гойту говзарш; говзарш харжаро дешархочунна таро ло историн тайп-тайпанчу муьрашкахь нохчийн культура шен нийсархочун бIаьргашца ган. Программехь ладамечу барамехь йелла кхузаманан авторийн говзарш а йу, цара шайн кхолларалле хь кхидIа хьо нохчийн литературин къоман ламасташ, и говзарш кхузаманан дешархочунна гергара йу.

3. Къоман башхаллин хиламаш искусствон кхечу гIирсашца гайтина говзарш а хаьржина, цо таро ло дешархошна нохчийн культурехь искусствийн диалог гайта.

Цхьадолу декхарш кхочушдан лерина дешаран материал хаьржина гуманизнам, исбаьхьаллин а, довзаран а мехаллийн, кхеташ хиларан, жигараллин, поликультурин,

ламасталлин классикин а, кхузаманан бараман цхьаьнадаран, тематикин, кепийн-жанран тайп-тайпаналлин критеришца йогIуш.

Программо билгалбечу йешаран гуоно таро ло тайп-тайпанчу хенийн а, къаьмнийн а говзарийн куьзганахула беран дуьненехьежаман гураш жим-жимма шордан.

Программехь и масех бухедилларца билгалбо. Хьалхара шиъ доьзна ду йешаре ойла а, йешаран техникин хаарш кхиоран хьелаш а кхолларца. Иштта, и хаарш кхиоран йуьхьанцарчу муьрехь уггаре а хьалхарчу рогIехь йу байтийн а, прозин а йух-йуха олуш дешнаш, дешнийн цхьаьнакхетарш предлодженишь, абзацаш йолу тексташ (йешаран техникин говзалла кхиочу хенахь мехала долчу йешаран кхиаме хилар тардалийтаран Iалашонца); ткъа иштта кхиаме ду забаре чулацам болу сихха хазахетар йа велар кхолладолуьйту тексташ лелор а, (хIунда аьлча, цу хенахь забар йевзаш хиларо эстетикин синхаамаш гучубахар кхиадо) йешаран мукъам кхиоран Iалашонца. Дешаран хIора шеран тексташ схьахаьржина йу цу хенан берашна тIелаца ата хилар тидаме а оьцуш. Текст схьахаржаран кхидолу бухедахкарш доьзна ду исбаьхьаллин дешан фольклорна кепашкара авторийн литературе кхаччалц кхиаран логика ларйаран цаторийла хиларца; билггала долу оьздангаллин а, эстетикин а декхарш кхочушдан цаторийла хиларца, царах коьртаниш билггал йолчу оьздангаллин-эстетикин концепцига доьрзу, и концепци дешара деа а шарахь кхиош схьайалайо; жанрийн а, тематикин тайп-тайпаналла хилийтаран кхачойаран а, фольклоран а, авторийн говзарийн а, вайн мехкан а, дозанал арахьарчу йаздархойн говзарийн а, берийн литературин классикийн а, ХХ-чу бIешеран чаккхенан – ХХI-чу бIешеран йуьхьан кхузаманан берийн йаздархойн говзаршна йукъахь а барам ларбаран а цаторийла хиларца.

Йешаран гIуллакх кхиоран процессан чоьхьарчу логикица доьзна, «Литературни йешар» курс шинатIегIанехь хIоттийна йу.

Хьалхарчу тIегIанехь хьалхадаккха дезарг йешаран корматалла шарйар ду, шолгIачу тIегIанехь – дешархошна литературин говзалла карайерзор. I-2-чу классашкахь йеша Iамадо; кхетар тIехь, нийса йешарна, сиха а, къаьсташ а йешарна тIехь болх; йешначун кхолларалин маьIна дан тайп-тайпана некъаш кхиор (графикин, дешан а, музыкин а иллюстрировани, драматизаци, ма-йарра а, йукъ-йукъара а, кхолларалин йухасхьайийцар). Цуьнца цхьаьна йуьхьанцарчу классашкахь дIаболабо йуьхьанцарчу классийн дешархойн литературин дешара тIехь болх.

«Литературни йешар» предмет Iаморан шолгIа тIегIа 3-4 классашна кхочу, цигахь йеша хааро зазадоккху, эстетикин йешаре а, талламан йешаре а декъа а луш.

«Литературин йешар» программа хIотточу хенахь тидаме эцна школал хьалхьалхарчу педогогикин а, йукъарчу йукъардешаран школашна леринчу «Нохчийн литературехула герггарчу белхан программин» зIейалорах а.

Программо таро ло йалийнчу спискера говзарш дешархойн кечаман тIегIанца догIуш харжа, ткъа иштта курсан чулацаман вариативни компонент харжа а, белхан программашкахь и кечйаро могуьйту тематикица а, проблематикица а герга йолчу говзаршкахь къоман башхаллаш а, йукъара дерг а къасторан Iалашонца Россин халкъийн литературе кховдар.

1 класс (66 с)

Вайна гонахара дуьне – 15 с.

Пачхьалкахан а, къоман а билгалонаш (шатлакхан илли, хIост).

Беснаш. Светофор.

Ишколехь.

Iаламан дуьне (цIера дийнаташ а, акхарой а, олхазарш, сагалматаш, олхазарш, дитташ, хасстоьмаш, стоьмаш).

КIиранан денош.

Байташ, дагардарш, нохчийн абатан элпех хIетал-металш.

Вайн Даймохк
Вайн Даймохк
Соьлжа-ГІала
Вайн турпалхой
Халкъан хазна
Махмаев Ж. «Бераш – вайн хиндерг» йа
Арсалиева Люба «Соьлжа-ГІала» (**вариативни** дакъа).
Турпалхойх лаьцна тексташ: Кадыров Ахьмад-Хьаьжа; Нурадилов Ханпаша; Шерипов Асланбек; Висаитов Мовлид.
Вайн йаздархой – 6 с.
Айдамиров Абузар – байт «Нана-мохк»
Сулейманов Ахьмад – «Дахаран генаш» поэми йукъара кийсак.
Муса Ахмадов – туьйра «Писулиг»
Гацаев СаІид – байт «Борз»
Халикова Асет – байт «Зингат»
Хатуев І-Хь.
Халкъан барта кхолларалла – 10 с.
Аганан иллеш
Чехкааларш
Дагардарш
Кицанаш
ХІетал-металш
Нохчийн халкъан туьйранаш. «Тамашийна йоІ». «Жоьра-Баба». «Хьекъале Іу» йа «Борззий, цхьогаллий, ломмий», «Цхьогаллий, пхьагаллий» (вариативни дакъа)
ГІиллакх-оьздангаллин дакъа (вариативни дакъа) **– 10 с.**
ДоттагІалла
Де, буьйса
Дайна де
Беркат
Махмаев Ж. Делалой вай
Хатуев І. Зингат
Демеев І. Малонче
Эдилов С. ГІан
Деза дешнаш
КХЕЧУ КЪАЬМНИЙН ЛИТЕРАТУРА – 3 с.
Осеева В. – дийцарш «Цхьаьна», «Иштта дІа»; Сутеев В. – туьйра «Іаж».
Резерв – 7 с.

2-4 класс

Классашка бекъначу Іаморан чулацамна улле тоьхна Іаморан процессан гІуллакхаллийн хІара тІедузарш ду.

ЛадогІар

Нохчийн меттан хьоле хилар а, къоман культурин мехаллаш а гойтуш йолу исбаьхьаллин говзарш лерсица схьалацар а, царах кхетар а; лерсино схьалаьцначу текстах лаьцна деллачу хаттаршна жоьпаш дала хаар а, лерсино схьалаьцначу текстан чулацамца хаттарш дан хаар а.

Йешар

Хезаш йешар. Дешдакъошца йешарна тІера жим-жимма довлуш дийнна дешнаш шера а, кхеташ а деша хаарна тІедовлар (текстах кхета таро лучу йешаран индивидуальни боларца догІуш йешаран чехкалла (масалла). Йешаран орфоэпически барамаш ларбар. Кепана а, тайпанна а цхьатера йоцучу текстийн маьІнийн башхаллаш аз айдеш хийцарца схьагайтар.

Дагахь йешар. Барамца а, жанраца а тIелаца аттачу говзарийн маьIнех дагахь йоьшучу хенахь кхетар. Йешаран тайп-тайпанчу кепийн башхаллех кхетар.
Халкъан барта кхолларалин говзарш йешар: нохчийн фольклоран текст къоман ламастийн а, мехаллийн а хьоста санна.
Исбаьхьаллин говзарийн тексташ йешар, шайна чохь бIеннаш шерашкахь схьайеана йолу къоман синкхетамна ладаме йолу гIиллакх-оьздангаллин мехаллаш а гойтуш йолу: Даймахке безам, тешам, нийсо, сий, къинхетам, догдикалла, догцIеналла, къинхегамна тIера хилар, бакъо, майралла, и. кх.дI. Нохчийн къоман ламасташ: цхьаалла, вовшийн гIо дар, хьаша-да тIелацар, и. кх.дI. Доьзалан мехаллаш: баккхийнаш ларар, «нана», «да», «дада», «баба», «йиша», «ваша» бохучу дешнийн мехалла, вовшийн ларар, безам, вовшех кхетар, терго, собар, да-нана ларар. Нохчийн литературехь халкъан ламасташ а, Iадаташ а гайтар.
Нохчийн бераллин дуьне: кхиар, гонахарчу дуьненаца, баккхийчаьрца, нийсархошца йолчу йукъаметтигийн башхалла; ша нохчийн Iадаташ дIакхоьхьург а, орамашца зIе а хиларх кхетар. Турпалхойн леларийн синхаамийн-оьздангалилн мах хадор.
Нохчин литерурин башхаллех кхетар: турпалхочун чоьхьара дуьне деллар, цуьнан лазамаш бовзар; оьздангаллин проблемашка кховдар. Iаламан дуьненах болу нохчийн къоман поэтически хьежам (малхе, арене, хьуьне, хига, ломе, дитте, дийнатийн дуьнене, и.кх.дI.) нохчийн поэзехь а, прозехь а. Гонахарчу дуьненан хьал адаман синхаамашца дустар.
Хаамийн тексташ йешар: говзаршна историко-культурин комментарий, Iамочу говзарийн авторийн биографех къаьстина хаамаш.

Къамел дар (къамел даран культура)

Диалоган а, монологан а къамел. Йешна тексташ коллективехь йийцаре йарехь дакъалацар, текстана тIе а тийжаш, шен хьежам тIечIагIбар; нохчийн исбаьхьаллин литературин специфика гойтуш долу аларш. Дешнийн тIаьхьало йузар (дешнаш хаар тIедузар). Хезна йа йешна йолу текст коьртачу дешнашна а, текстана йолчу иллюстрацишна а тIе а тийжаш, схьайийца (текст ма-йарра, йоцца, харжамца схьайийцар).
Дешаран хьелашкахь къоман къамелан культурин бухехь йолу гIиллакхан кепаш а, чIагIйелла формулаш а, хьасене хиларан принципаш а ларйар.
Дешархойн харжамца байташ дагахь йийцар.

Йоза (йозанан къамелан культура)

Iамочу говзаршкахь хIиттийнчу проблемашкахула доцца йозанан аларш кхоллар (кечдар).

Библиографин культура

Йийцаре йечу проблематикица йогIу киншкаш харжар, цу йукъайогIу Iаматехь йалийна йолу шаьш йеша билгалйина говзарш. Нохчийн культурех хаамаш болу дешархойн хенаца йогIучу дошамех а, энциклопедих а пайдаэцар.

Литературоведенина йукъадалор

Текстан анализ йечу хенахь Iамийнчу литературин кхетамех пайдаэцар.
Iамочу говзарийн жанрийн тайп-тайпаналла: фольклоран кегий а, йаккхий а кепаш; литературин туьйра; дийцар, притча, байт. Прозин а, поэзин а къамел; исбаьхьаллин кхоллар; сюжет; тема; говзаран турпалхо; портрет; пейзаж; ритм; рифма. Дустарийн а, метафорийн а къоман шатайпаналла; исбаьхьалин къамелехь церан маьIна.

Дешархойн кхолларалин гIуллакх (Iамийнчу литературин говзарийн буха тIехь)

Дешархойн кхолларалин гIуллакхехь литературин говзаран маьIна дар: ролашца йешар, инсценировка йар; хьасене хиларан декхарш тидаме а оьцуш

(тайп-тайпанчу адресаташна) исбаьхьаллин говзаран буха тIехь шен барта йа йозанан текст кхоллар; говзарна йолчу иллюстрацишна, нохчийн художникийн суьртийн репродукцишна тIе а тийжаш.

«Ненан (нохчийн маттахь) литературни йешар» дешаран предметан программа карайерзоран кхочушдан лору жамIаш

«Ненан (нохчийн) маттахь литературни йешар» предмет «Ненан мотт а, ненан маттахь литературни йешар а» предметан декъехь Iаморан жамIаш цхьаьнадогIуш ду йуьхьанцарчу йукъарчу дешаран Федеральни пачхьалкхан стандартехь билгалйинчу дешаран предметан программа карайерзоран кхочушдан лоручу жамIийн лехамашца.

ЛИЧНОСТНИ ЖАМIАШ

«Ненан (нохчийн) маттахь литературни йешар» предмет Iаморан жамIаца дешархо кхочур ву кхетош-кхиоран гIуллакхан кху дакъошкахь хила дезачу хIокух жамIашка:

гражданско-патриотикин кхетош-кхиорехь:

— Шен Даймахке – Россига а – шен жимчу Даймахке – Нохчийн Республике (Нохчийчоьне) а безам кхоллабаларе, цу йукъадогIу и безам мехкан а, Даймехкан а культура а, истори а йовзуьйтуш йолу исбаьхьаллин говзаршкахула кхоллар;

— Шен этнокультурин а, Россин гражданаллин а идентичностах кхетар а, нохчийн мотт Нохчийн Республикин пачхьалкхан мотт а, шен ненан мотт а хиларх кхетар;

— Шен мехкан а, Даймехкан а дIадаханчун а, карарчун а, хиндолчун а ша дакъа хиларх кхета, цу йукъадогIу исбаьхьаллин говзаршца болх бечу хенахь и хьелаш дийцаре дар;

— Шен а, кхечу а къоме ларам хилар, цу йукъадогIу и ларам исбаьхьаллин говзарийн а, фольлоран а масалш тIехь кхоллар;

— адамах йукъараллин цхьана декъашхочух санна болу а, бакъонех а, жоьпаллех а, стаг ларарх а, ларамах а, гIиллакх-оьздангаллин барамех а, йукъаметтигех болу а йуьхьанцара хьежам, цуьнца цхьаьна иза фольклоран а, исбаьхьаллин а говзаршкахь гайтар а;

ийманехь кхетош-кхиоран:

— хIора стеган шатайпаналла, шен дахаран а, йешаран а зеделлачунна тIе а тийжаш, тIелацар;

— къинхетам, ларам, диканиг лаар гайтар, цуьнца цхьаьна шена хетарг а, синхаамаш а бовзийта меттан гIирсех пайдаэцар; кхечу адамийн синхаамашна сема хилар, царах кхетар, церан гIо лаца кийча хилар;

— кхечу адамашна дегIана а, сина а зен дан тIехьажийна долу цхьа а хIума тIецалацар (цу йукъахь ду маттаца деш долу зен а);

— нийсархошца болх бар, девне ца хила хаар а, Iоттабаккхаме меттиг нисйелча, и листа хаар а, цу йукъахь ду исбаьхьаллин говзарех масал эцар а;

— **эстетикин кхетош-кхиорехь:**

— исбаьхьаллин культурин ларам бар а, и йовза лаар а, шен къоман а, кхечу къаьмнийн а искусствон тайп-тайпана кепаш тIелацар а, цаьрга ларам хилар а;

— исбаьхьаллин гIуллакхан тайп-тайпанчу кепашкахь ша гайта лаар, цу йукъахь йу дешан говзалла а;

— **физически кхетош-кхиорехь, могашаллин а, синкхетаман а культура кхолларехь а:**

— тIетоьхна хаамаш лохучу хенахь могаш а, кхерамза а (шена а, кхечарна а) долчу дахаран бакъонаш (цу йукъайогIу хаамийн кхерамазалла) ларйар;

— къамел дечу хенахь дегIан а, синкхетаман а могашаллица кхоаме хилар,

къамелан культура а, тIекаренан бакъонаш а ларйар;

къинхьегаман кхетош-кхиор:

— стеган а, йукъараллин а дахарехь къинхьегам мехала хилар кхетар (цу йукъахь ду исбаьхьаллин говзарех масал эцар а), къинхьегаман стоьмийн тIалам бар, болх баран тайп-тайпанчу кепашкахь дакъалацар, исбаьхьаллин говзаршкара масалш дийцаре дечу хенахь тайп-тайпана говзаллаш карайерзон лаар;

экологин декъехь кхетош-кхиор:

— текстаща болх бечу хенахь кхоллалуш долу Iаламаца кхоаме хилар;

— цунна зен деш долу хIума тIецалацадалар;

Iилманан хаарийн мехалла:

— дуьненах болу Iилманан хьежам кхоллабалар (сурт хIоттар), цуьнан цхьа дакъа ду литературоведчески кхетамаш Iаморан процессехь а;

— хIума довза лаар, жигаралла, хIума дагадар, хааршна сутара хилар, хIума довза лаарехь шен ойла хилар, цу йукъахь ду исбаьхаьллин говзарш йеша лаар а, шен йешаран гуо хоржучохь жигара хилар а, ша и харжар а.

МЕТАПРЕДМЕТНИ ЖАМIАШ

«Ненан (нохчийн) маттахь литературин йешар» предмет Iаморан жамIаца дешархойн кхоллалур ду дешаран довзаран хIара хаарш.

Коьрта маьIнийн дараш:

— тайп-тайпана тексташ вовшашца йуста, тесташ йустарна бухе дахкарш билгалдан, тера йолу тексташ билгалйан;

— билггалчу цхьана башхаллашца тексташ цхьаьнатоха;

— кицанийн, аларийн, фразеологизмийн классификаци йархьама кхачаме хир йолу билгало билгалйан;

— хьехархочо шайна хьехначу тидам баран алгоритмаца тексташ кахь цхьаьнадар а, цхьанацадар (бIостаналла) а карон; текстан анализ йарехь кхочушдарийн алгортиман анализ йан, текстан анализ йарехь шаьш кхочушйийр йолу дешаран операци харжа;

— хьехначу алгоритман буха тIехь декхар кхочушдан оьшу хаамаш кхачо йолуш цахилар билгалдан, тIетоьхна хаамаш лахар билгалдан;

— текстан анализ йечу хенахь бахьанийн-тIаьхьалонан зIенаш билгалйан, жамIаш дан.

Коьрта талламан дараш:

— педогогикин белхахочун гIоьнца Iалашо билгалйан, къамелан хьоле хьаьжжина, шен вистхилар хийцаран план хIоттон;

— тIедиллар кхочушдаран масех кеп вовшашца йуста, мелла а йогIуш йерг (схьайеллачу критерийн буха тIехь) харжа;

— схьайеллачу планаца чолхе боцу жима таллам дIабахьа, схьайеллачу планаца проектан тIедиллар кхочушдан;

— жамIаш дан а, текстан маьIнийн анализ йаран буха тIехь долчу тоьшаллашца уьш тIечIагIдан а;

— схьайелла йолчу текстан материалан анализ йаран процессехь хьехархочун гIоьнца хаттарш хIиттон;

— цхьатерачу йа цхьатера догIучу хьелашкахь процесс дIайахаран а, хиламийн а, церан тIаьхьалонан а хила тарлуш долчун сурт хIоттон.

Хаамашца болх:

— Хаамаш схьаэцаран хьоста харжа: оьшу дошам, лохуш болу хаам карорхьама оьшу куьйгалла, тIечIагIдархьама;

— Схьайеллачу алгоритмаца догIуш, даррехь схьабелла хаамаш билгалдинчу хьостанехь карон: дошамашкахь, куьйгаллашкахь;

— Хаамаш бакъ йа харц хилар шайна гучудала йа хьехархочо билгалдинчу хьостанан буха (дошамашкахь, куьйгаллашкахь, Іаматехь) тІехь карон;
— Баккхийчийн (педагогикин белхахойн, дай-нанойн, бакъо йолчу векалийн) гІоьнца Интернетехь хаамаш лахаран кхерамзаллин бакъонаш ларйан;
— Дешаран декхаршца догІуш, текстан, графикин, видео, озан хаамаш кечбан;
— Таблицийн а, схемийн а кепехь балийнчу хаамех кхета; тексташа бинчу белхан жамІаш гайтархьама шаьш таблицаш а, схемаш а хІиттон.
Йуьхьанцарчу школехь дешар чекхдолучу хенахь дешархочун кхоллало **коммуникативни** дешаран дараш.
ТІекаре:
— Бевзачарна йукъахь тІекаре хиларан Іалошонашца а, билламашца а догІуш, синхаамаш бовзийта а, хетарг тІелаца а, и цхьана кепе дерзон а;
— Шеца къамел дечуьнца лараме хила а, диалог а, дийцаре дар а дІадахьаран бакъонаш ларйан;
— Тайп-тайпана хьежамаш хила йиш йолуш хилар тІелаца;
— Шена хетарг нийса а, бух балош а довзийта;
— ХІоттийнчу Іалашонца догІуш шен къамел дІахІоттор;
— Къамелан хьолаца догІуш барта а, йозанан а тексташ кхолла (довзийтар, ойлайар, дийцар);
— Шимма цхьаьна а, тобанца а бинчу белхан а, тидаман а, кхочушбинчу жимчу талламан а, проектан тІедилларан а жамІех лаьцна доцца къамел кечдан;
— вистхиларан (къамелан) текстана гайтаман материал (дехкина суьрташ, даьхна суьрташ, плакаташ) кечйан (къастон).
Цхьаьна кхочушден гІуллакхаш:
— йоццачу а, йехачу а ханна лерина Іалашонаш (цхьаьна кхочушдаран декхаршкахь дакъалацар тидаме оьцуш индивидуале) хьехархочо йалийнчу план хІотторан кепан буха тІехь стандартан хьолехь, йукъара гІулчаш а, хенаш а дІасайекъар;
— цхьаьна болх баран Іалашо тІелаца, и кхочушйарехь дан дезарг цхьаьна вовшахтоха: ролаш дІасайекъа, цхьаьна беш болчу белхан процесс а, жамІ а дийцаре дан;
— куьйгалла дан, тІедиллар кхочушдан, ладогІа, хІоьттина хьал ша листа кийча хилар;
— шен белхан дакъа жоьпалле кхочушдан;
— йукъарчу жамІе ша диллинчу декъан мах хадон;
— схьаделлачу масалшна тІе а тийжаш, цхьаьна вовшахтоьхна проектийн тІедахкарш кхочушдан.
Йуьхьанцарчу школехь дешар чекхдолучу хенахь дешархочун кхоллало **регулятивни** дешаран дараш.
Шен низам хилар:
— жамІ хилийтархьама дешаран декхарш кхочушдарехь шен гІуллакхийн план хІоттон;
— ша билгалдинчу кхочушдарийн рогІалла хІоттон.
Шаталлар:
— дешаран гІуллакхан кхиаман/эшаман бахьанаш билгалдан;
— къамелан гІалаташ а, текстан анализ йарца доьзна гІалаташ а дІадахархьама шен дешаран кхочушдарш нисдан;
— текстийн анализ йарехь хІоттинйчу декхарца жамІ дуста;
— тексташа болх бечу хенахь далийтина гІалат карон;

— шен а, шеца цхьаьна доьшучеран а кхочушдарийн жамIаш дуста, схьайеллачу критеришца церан богIу мах хадон.

ПРЕДМЕТАН ЖАМIАШ

«Ненан (нохчийн) маттахь литературни йешар» дешаран предмет деа шарахь Iаморо кхочушдан дан деза:

Iамочу маттахь йолчу литературин Россин Федерацин цхьаъйолчу культурин шораллехь а, Россин Федерацин халкъийн литератураш йукъахь а, в сохранении и передаче от поколения к поколению историко-культурин, оьздангаллин, эстетекин мехаллаш Iалашйарехь а, цхьана тIаьхьенера вукху тIаьхьене йаларехь а йолчу меттигах а, ролах а кхетар:

- Исбаьхьаллин литература искусствон (дешан искусствон) цхьа башха дакъа санна, тIелаца;
- Дешан кхолларалин говзарш искусствон кхечу кепашца (суртдиллар, музыка, суртдаккхар, кино) цхьаьнайуста;
- Тайп-тайпанчу къаьмнийн литератураша вовшашца цхьаьна болх барх а, вовшашна тIеIаткъам барх а, Россин Федерацин субъектан культурин а, гIиллакх-оьздангаллин а, эстетикин а йуьхь кхолларехь къоман фольклоро а, исбаьхьаллин литературо а лоцучу декъах йуьхьанцара хьежам (хаарш) хила;
- Россин Федарийн къаьмнийн а, дуьненан къаьмнийн а исбаьхьаллин говзарш йустучу хенахь йукъара дерг а, башха дерг а карон;

1) МаьIна даран йешар карадерзор а, литературин теорин коьртачу элементийн маьIнех а, ойланех а кхетар:

- МаьIна даран хезаш йешаран техника карайерзор (дешаран тайп-тайпана декхарш а, киншкица хьан-сан хиларан хьогамах садузоран а Iалашонца тайп-тайпанчу кепийн, жанрийн, тIехьажорийн текстийн маьIнех кхета а, тIелаца а, маьIна дан а тар луш долу нийса шера йешар, йешар ладогIархоша кхеташ тIелацар);
- МаьIна даран дагахь йешаран техника карайерзор (йешначун маьIнех а, чулацамах а кхетар, хаамийн мах хадор, текстан маьIна нийсад даран а, и тIелацаран а кхачаме хиларна тIехь тергам латтор);
- Фольклоран говзарийн кегий жанраш вовшах къастон (фольклоран кегий жанраш, туьйранаш, легендаш, мифаш);
- Шен къоман фольклоран говзарийн коьртачу маьIнех а, тIехьажорах а кхета (хазахетар дан, Iамон, ловзарехь пайдаэца), шен къоман (кхечу къаьмнийн) туьйранийн, хIетал-металийн, кицанийн, аганан иллийн масалш далон;
- Гергарчу меттанийн фольклоран говзарш вовшашца йуста (тема, коьрта тема, турпалхой);
- Говзаран цIе цуьнан темица (Iаламах, историх, берех, диканах, вонах) цхьаьнайалон (йуста);
- Шен къоман (кхечу къаьмнийн) берийн литературин исбаьхьаллин йоца жанраш вовшех къастон – байт, дийцар, басня;
- йешначу литературин говзаран анализ йан: тема, коьрта Iалашо, хиламийн рогIалла, исбаьхьаллин вастийн гIирсаш билгалбан;
- текстан чулацамехула хаттаршна жоьпаш дала;
- текстехь ненан меттан суртхIотторна а, вастийн а гIирсаш карон (эпитеташ, дустарш, олицетворениш);

2) тестехь беллачу хаамах кхетарна а, тIелацарна а Iамор, дешархойн йешаран а, эстетикин а чам кхоллар:

- тайп-тайпана (исбаьхьаллин, Iилманан, куьйгаллин) тексташ йешаран Iалашо билгалйан;

- йешаран хьагам йухатоха (кхочушбан), хаамаш карон, хаарийн гуо шорбан;
- Іаморан а, практикин а декхарш кхочушдархьама, йешаран тайп-тайпана кепаш (довзаран, талларан, къастийна, лахаран) карон;
- Текстана хаттарш хІиттон, и схьайийцаран а, изложени йазйаран а план хІоттон;
- Шаьш йеша лаам гайтар, авторан цІарна, говзаран жанрана, киншкина йолчу иллюстрацина тІе а тийжаш, шайн йешаран сатийсар билгалдар;
- Фольклоран говзарш ролашца йеша, уьш драме йерзорехь дакъалаца;
- Нийсархошца долчу литературин темина дийцаре даршкахь дакъалаца, шайн хьежамийн бух балон;
- фольклоран материала тІехь тІехь кхоллараллин белхан кхочушбан (туьйранан чаккхе, хІетал-метал кхоллар, дакъалоцуш верг (турпалхо) хийца а хуьйцуш, схьайийцар).

<u>Предметан жамІаш дешаран шерашца</u>

<u>1-чу классехь дешар **чекхдолучу хенахь** дешархочунна **Іемар ду:**</u>

- ша а, дуьне а, къоман истори а, культура а йовзарехь нохчийн литературин мехаллех кхета;
- нохчийн литературин говзарийн мьІна даран цхьайолу корматалла карайерза;
- нохчийн литературин говзарш йешаран зеделлачух къамел шардарехь пайдаэца: ладоьгІна/йешна текст йийцаре йарехь дакъалаца;
- дешан маьІнех совнаха хаамаш бовзархьама Іаматан дошамах пайдаэца;
- шайн харжамцца байтийн говзарш дагахь йийца.

«Къамелан а, йешаран а гІуллакхан кепаш» дакъа:

аудировани, хезаш а, дагахь а йешар, текстан тайп-тайпанчу кепашца болх, библиографин культура, исбаьхьаллин говзаран текстаца болх, къамелан культура.

Дешархошна Іемар ду:

• йешаран индивидуале болар тидаме а оьцуш, дешдакъошца а, дийнна дешнаш а шера деша;

• лерсица тІелаьцна йолчу йолчу, ткъа иштта классехь йешначу а говзарийн чулацамах кхета, царна тІехь маьІнин коьрта дакъош билгалдаха;

• йешначун маьІнех а кхеташ, текстехь билгалйина меттигаш дагахь йеша;

• тайп-тайпанчу авторийн 3–4 байт дагахь йийца;

Дешархойн шаьш бечу, шимма цхьаьна бечу белхан процессехь Іама таро хир йу:

• киншки тІехь «Чулацам» йа «Корта» агІо карон; «Чулацамна» тІе а тийжаш, киншки тІехь оьшу говзар карон;

• говзаран текстехула хаттарш дан а, текстах пайда а оьцуш, жоьпаш дала а.

«Литературоведенина йукъадалор» дакъа: байташкахь йазйинчу говзаран башхаллаш йовзар (ритм, рифма и. кх. дІ.), говзарийн башхаллаш вовшах къастор (халкъан а, авторан а туьйра, и. кх.дІ.), литературин приемаш йовзар (дустар, олицетворени, контраст, и. кх.).

Дешархошна Іемар ду

• прозехь йазйина говзар байтах къастон;

• фольклоран кегий жанраш къастон: хІетал-метал, дагардар, чехкаалар;

• текстехь исбаьхьаллин суртъагоран гІирсаш (йух-йуха алар; дешнийн хьастаран-жимдаран кеп, айдаран а, хаттаран а хьаьркаш, рифмаш) карон;

Дешархойн таро хир йу Іама:

• туьйранийн сюжетан-композицин башхаллаш къастон;

• литературин а, фольклоран а жанраш йукъара дозанаш лелаш хилар карон (забара йукъа тІехтоман байташ йогІу; аганан илли йукъа — кхайкхаргаш; дийцара йукъа — туьйра)

«Дешархойн кхолларалли гІуллакхан элементаш» дакъа: ролашца йешар, инсценировка, драматизаци, барта дешнашца суртдиллар, репродукцишца болх, шаьш тексташ кхоллар.

Дешархошна Іемар ду:

• йешначун чулацамах кхета; текстан башхаллаца догІуш ма-хиллара оьшуш долу болар а, соцунгІаш а, азайдар а кхета а кхеташ, харжа;

• исбаьхьаллин говзар (цуьнан фрагмент) ролашца а, кар-кара луш а йеша;

• иллюстрацишка хьовса а, текстан цхьаьнайогІучу фрагментаца йа коьртачу ойланца (синхаамца, сагатдарца) уьш йуста а;

Дешархойн таро хир йу Іама:

• фольклоран кегий жанраш (хІетал-метал, дагардар, аганан илли) практикехь карайерзон а, суртхІотторан гІирсийн (йиш-маІаш, уьшарш, интонаци) гІоьнца церан инсценировка йан а;

• билггалчу тексташ йогІу иллюстрациш карон, тексташ а, иллюстрациш а вовшашца йуста.

Йукъарчу дешаран дарийн декъехь дешархошна Іемар ду:

• дешаран Іаматах паргІат пайдаэца, аьлча а, билламийн билгалонийн мотт беша; агІонехь билгалдаьхна могІанаш а, дешнаш а сихха карон; оьшу иллюстраци карон;

• хаамийн шина хьостанца (дешаран Іаматца а, ша болх бан леринчу тептарца а; дешаран Іаматца а, хрестоматица а) болх бан, аьлча а, Іаматан а, белхан тептаран а, хрестоматин а билламан билгалонаш дуьхь-дуьхьал хІиттон; ша болх бан леринчу тептаран а, хрестоматин а оьшу дакъош карон.

Коммуникативни дешаран дарашкахь дешархошна Іемар ду:

а) цхьаьна болх бар санна, хьасене хиларан гурашкахь:

• парти тІехь цхьаьна волчу лулахочуьнца болх бан, вовшашна йукъахь болх бекъа, шен болх кхочушбан а, вовшаша бина болх талла;

• кар-кара луш болх бан;

б) цхьаьна болх бар санна, хьасене хиларан гурашкахь:

• шина хьежамна а, шина агІонна а йукъара башхаллаш ган;

Дешархойн шаьш бечу, шимма цхьаьна бечу, тобанца йа массара цхьаьна бечу белхан процессехь Іама таро хир йу:

• хаттаршна жоьпаш тайп-тайпанчу кепехь дала мегаш хиларх кхета;

• ша тІетовш волу жоп тІечІагІдархьама тексте кховда.

<u>2-чу классехь дешар чекхдолучу хенахь дешархочунна Іемар ду:</u>

- йешначун оьздангаллин чулацамах кхета, турпалхойн леларш оьздангаллин барамашца дуста;
- метофорийн, олицетворенийн, эпитетийн къоман шатайпаналлех кхета а, текстехь исбаьхьаллин суртъагоран и гІирсаш ган а;
- нохчийн литературин говзарш йешаран процессехь йешаран хаарш шардар: хезаш а, дагахь а йеша, исбаьхьаллин а, дешаран а текстийн маьІна даран приемех кхета;
- нохчийн литературин говзарш йешаран зеделлачух къамел шардарехь пайдаэца: ладоьгІна/йешна текст йийцаре йарехь дакъалаца, текстана тІе а тийжаш, шена хетарг тІечІагІдан;
- шен йешаран гуо шорбан;
- йешначу а, ладоьгІначу а говзарех хетарг искусствон кхечу кепех хиллачу синІаткъамца дуста.

«Къамелан а, йешаран а гІуллакхан кепаш» дакъа:

аудировани,

хезаш а, дагахь а йешар,

текстан тайп-тайпанчу кепашца болх,

библиографин культура,
исбаьхьаллин говзаран текстаца болх,
къамелан культура.

Дешархошна Іемар ду:

• дийнна дешнаш хезаш деша, индивидуале таронашка хьаьжжина, йешаран чехкалла жим-жимма алсам а йоккхуш;

• довзаран а, бІаьргтохаран а, хаьржинчу а, талламан а йешаран процесссехь дагахь йеша;

• доцца монологан алар хІоттон: хьехархочун хаттарна доца а, даьржина а жоп;

• шеца къамел дечуьнга ладогІа (хьехархочуьнга а, классехь цхьаьна доьшучаьрга а): цхьамма делла жоп тІаьххье ца дала, кхечо делла жоп керлачу чулацамца тІедуза;

• нохчийн литературин 2–3 классикан цІе йаккха,

• кхузаманан 2–3 йаздархочун (поэтан) цІе йаккха;

• говзарийн цІерш йаха а, церан чулацам боцца схьабийца а;

• дукхавезачу авторнан говзарийн цІерш йаха а, церан чулацам боцца схьабийца а;

• говзаран тема а, коьрта маьІна а билгалдан (хьехархочун гІоьнца);

• говзарийн турпалхойн амалийн (церан цІерш, портреташ, къамел) а, церан леларийн а мах хадон а, характеристика йала а;

• Дешнийн маьІнех кхетархьама МаьІнийн дошамах пайдаэца.

Дешархойн шаьш бечу, шимма цхьаьна бечу, тобанца йа массара цхьаьна бечу белхан процессехь Іама таро хир йу:

• хьехархочо йоьшуш йолу текст Іалашонна тІехьажийна тІелацаран буха тІехь аудированин корматалла кхиор;

• йешначун чулацамах болу шен хьежам барта бовзийта;

• тайп-тайпанчу авторийн 6–8 байт дагахь схьайийца (харжамца);

• жимачу бараман текст йуха схьайийца;

• ишколин билблиотекехь киншкаш а, берийн муьран журналаш а хоржучу хенахь мужалтан чулацамах а, ткъа иштта «Чулацам» йа «Корта» агІонах а пайдаэца;

• дарсашкахь бечу балха йукъа хрестоматин а, ткъа иштта цІерчу а, школин а библиотекийн киншкара тексташ йалон;

• говзаран текстана хаттарш дан а, хаттаршна жоьпаш дала а.

«Литературоведенина йукъадалор» дакъа: байташкахь йазйинчу говзаран башхаллаш йовзар (ритм, рифма и. кх. дІ.), говзарийн башхаллаш вовшах къастор (халкъан а, авторан а туьйра, и. кх.дІ.), литературин приемаш йовзар (дустар, олицетворени, контраст, и. кх. дІ.).

Дешархошна Іемар ду:

• дийнатех лаьцна а, инзаре-тамашийна а туьйранаш вовшех къастон;

• инзаре-тамашийначу туьйранан башхаллаш къастон;

• дийцар а, туьйра а вовшех къастон;

• говзарехь литературин меттан суртхІотторан вастийн гІирсаш карон (дустар, олицетворени, гипербола (хІума дестор олу вай), контраст; фигураш: йух-йуха алар).

Дешархойн Іама таро хир йу:

• авторийн берийн поэзехь фольклоран жанрийн башхаллаш карон: туьйранан, дагардаран, чехкааларан, аганан иллин сюжетни-композицин башхаллаш;

• литературин а, фольклоран а жанраш йукъара дозанаш лелаш хилар карон (дийцара йукъахь туьйранан элементаш хила йиш йу, инзаре-тамашийначу туьйранехь – дийнатех лаьцначу туьйранан башхаллаш, и. кх. дІ.);

• дуьнене поэтически хьежам хиларан башхалла стенца йу кхета;

• дуьнене поэтически хьежам байташкахь гайтина ца Іаш, прозехь а гойтуш хилар гучудала.

«Дешархойн кхолларалли гІуллакхан элементаш» дакъа: ролашца йешар, инсценировка, драматизаци, барта дешнашца суртдиллар, репродукцишца болх, шаьш тексташ кхоллар.

Дешархошна Іемар ду:

• йешначун чулацамах кхета;

• текстан башхаллаца догІуш ма-хиллара оьшуш долу болар а, соцунгІаш а, азъайдар а кхета а кхеташ, харжа;

• исбаьхьаллин говзарш ролашца а, кар-кара луш а йеша;

• программехь билгалйина исбаьхьаллин говзарш лерсица синхааме тІеэца.

Дешархойн шаьш бечу, шимма цхьаьна бечу, тобанца йа массара цхьаьна бечу белхан процессехь Іама таро хир йу:

• поэзин а, прозин говзарш къегина (къаьсташ) йеша;

• Іамат тІерачу иллюстрацишка хьовса а, исбаьхьаллин тексташа уьш йуста а;

• шайна хетарг а, тидам бинарг а барта довзийта.

Довзаран йукъарчу дешаран дарашкахь дешархошна Іемар ду:

• дешаран Іаматах паргІат пайдаэца: билламийн билгалонийн мотт бешалур бу (маттах кхетар бу); «Чулацам» а, «Корта» а агІонашца оьшу текст карон а;

• текстан билгалйаькхина фрагмент, агІонехь билгалдаьхна могІанаш а, дешнаш а сихха карон;

• хаамийн масех хьостанца (дешаран Іаматца, ша бечу белхан тептарца, хрестоматица; дешаран Іаматца а, дешаран дошамашца а; тексташа а, тексташа иллюстрацишца а) болх бан.

Коммуникативни дешаран дарашкахь дешархошна Іемар ду

а) цхьаьна болх бар санна, хьасене хиларан гурашкахь:

• парти тІехь цхьаьна волчу лулахочуьнца болх бан, вовшашна йукъахь болх бекъа, шен болх кхочушбан а, вовшаша бина болх талла;

• кар-кара луш болх бан;

б) цхьаьна болх бар санна, хьасене хиларан гурашкахь:

• шина хьежамна а, шина агІонна а йукъара башхаллаш ган, ша тІетовжаран бух а балош, цхьахйолу агІо йалон а;

• текстехь турпалхоша бовзийтина хьежамаш карон (лаха).

Талларан а, шаталларан а дешаран дарашкахь дешархочун Іама таро хир йу:

• схьабовзийтина хьежам тесктерчу могІанашца тІечІагІбан;

• тайп-тайпанчу хьежамийн тайп-тайпана баххаш хилар кхета.

<u>3-чу классехь дешар</u> чекхдолучу хенахь **<u>дешархочунна Іемар ду:</u>**

- нохчийн литерутурин говзарш Іаморан буха тІехь нохчийн меттан хьасене-эстетикин таронех кхета;
- ненан меттан литературех къоман эхь-бехк а, ламасташ лардаран а, схьакховдоран а къоман-культурин гІирс санна мехаллех кхетар;
- турпалхойн леларийн оьздангаллин мах хадон а, цуьнан бух балон а;
- нохчийн литературин говзарш йешаран процессехь йешаран корматталла шарйан: хезаш а, дагахь а йеша, исбаьхьаллин а, Іилманан а, дешаран а текстийн анализ йаран а, маьІна даран а зеделларг хила;
- нохчийн литературин говзарш йешаран зеделлачух къамел шардарехь пайдаэца: ладоьгІна/йешна текст йийцаре йарехь дакъалаца, текстана тІе а тийжаш, шена хетарг тІечІагІдан; йешначу йа ладоьгІначу текстан кепе хьаьжжина, и схьайийца (йерриге йа йоцца), дакъалоцучу турпалхойн цІарах литаретурин говзар схьайийца;
- текстах кхетархьама а, кхин совнаха хаамаш бовзархьама а куьйгаллин хьостанех пайдаэца.

- **«Къамелан а, йешаран а гІуллакхан кепаш» дакъа:**

аудировани,
хезаш а, дагахь а йешар,
текстан тайп-тайпанчу кепашца болх,
библиографин культура,
исбаьхьаллин говзаран текстаца болх,
къамелан культура.

Дешархошна Іемар ду:

• йешаран индивидуале болар тидаме а оьцуш, нийса а, къаьсташ а дийнна дешнаш хезаш деша;
• хьалха довзаран йешарехь а, йуха бІаьртохаран йешарехь а, харжаман а, йуха талларан йешарехь а дагахь йешар;
• Іамочу говзарийн авторийн – йаздархойн а, поэтийн а цІерш йаха, церан говзарийн цІерш йаха а, классехь йешначу текстийн чулацам боцца схьабийца а;
• дукха везачу литературин турпалхочух дийца;
• турпалхочуьнга йолу авторна ойла билгалйан;
• говзарийн турпалхойн мах хадон; тайп-тайпанчу говзарийн турпалхойн амалш вовшашца йуста;
• тайп-тайпанчу авторийн 6–8 байт дагахь йеша (харжамца);
• элементашца киншка йовза (автор, цІе, «Чулацам» агІо, иллюстрациш).

Дешархойн шаьш бечу, шимма цхьаьна бечу, тобанца йа массара цхьаьна бечу белхан процессехь Іама таро хир йу:

• шаьш киншка харжа а, цуьнан элементашца киншкин чулацам бовза а;
• билгалйина киншкаш шаьш йеша;
• йешначу говзарийн турпалхойх мах хадоран ойла йовзийта;
• дошамашца шаьш болх бан.

«Литературоведенина йукъадалор» дакъа: байташкахь йазйинчу говзаран башхаллаш йовзар (ритм, рифма и. кх. дІ.), говзарийн башхаллаш вовшах къастор (туьйра а, дийцар а; дийнатех туьйра а, инзаре-тамашийна туьйра а, и. кх.дІ.), литературин приемаш йовзар (дустар, олицетворени, контраст, и. кх. дІ.).

Дешархошна Іемар ду:

• дийнатех лаьцна, инзаре-тамашийна, Іер-дахаран хьокъехь долу туьйранаш вовшех къастон;
• дийцар а, туьйра а вовшех къастон;
• авторийн литературехь исбаьхьаллин вастийн гІирсаш карон а, вовшех къастон а (приемаш: дустар, олицетворени, гипербола (хІума дестор олу вай), контраст; фигураш: йух-йуха алар).

Дешархойн таро хир йу Іама:

• дийнатех лаьцначу туьйранан кхиарх кхета;
• дуьненан тайп-тайпанчу халкъийн туьйранашкахь «лелаш йолу» сюжеташ («лелаш долу туьйранийн дийцарш») карон.

«Дешархойн кхолларалин гІуллакхан элементаш» дакъа: ролашца йешар, инсценировка, драматизаци, барта дешнашца суртдиллар, репродукцишца болх, шаьш тексташ кхоллар.

Дешархошна Іемар ду:

• йешначун чулацамах кхета; йешаран башхаллашца йогІуш йолу соцунгІа йан, азъайдар а, йешаран болар а харжа;
• программица билгалйина йолу исбаьхьаллин говзарш лерсица тІелаца а, шайна хетарг барта схьадийца а;
• литературин текстан а, суртдилларн а, музыкин а говзарийн маьІна дан, (гиначух, йешначух, хезначух шайн ойла а, синхаамаш а бовзийта);

• литературин текстийн диалогийн йаккхийчу фрагментийн инсценировкашкахь (ролашца ловзорехь) дакъалаца.

Дешархошна шаьш бечу, шимма цхьаьна бечу, тобанца йа массара цхьаьна бечу белхан процессехь Іама таро хир йу:

• байтийн а, прозин а текст хезаш йеша:

• Іамат тІерачу иллюстрацишка хьовса, музыкин говзаршка ладогІа, исбаьхьаллин тексташа а, суртдилларан говзаршца а царна тІехь гайтинчу ойланийн, синхаамийн, сагатдарийн хьежамца уьш йуста;

• барта а, йозанца а (аларца а/йа йоццачу сочиненица) литературин а, суртдилларан а, музыкин а говзарш йийцаре йечу хенахь шайн хилла ойланаш а, тидамаш а бовзийта.

Довзаран дешаран дарийн декъехь дешархошна Іемар ду

• дешаран дошамийн корпусах паргІат пайдаэца, оьшу йолу дошаман статья сихха карон;

• дешаран Іаматах паргІат пайдаэца: билламийн билгалонийн мотт бешалур бу (маттах кхетар бу); «Чулацам» а, «Корта» а агІонашца оьшу текст карон а;

• текстаца болх бан: цуьнан тема а, коьрта ойла (идея, сагатдар) а, дахаран тайп-тайпана агІонаш (хьежам, дІахІоттамаш, кхетаман латтам) а къастон;

• хаамийн масех хьостанца (дешаран Іаматца, ша бечу белхан тептарца, хрестоматица; дешаран Іаматца а, дешаран дошамашца а; дешаран Іаматца а, хаамийн тІетоьхначу хьостанашца а (дешаран кхечу гуларшца, библиотекин киншкашца, Интернетерчу хаамашца); тексташа а, тексташа иллюстрацишца а болх бан.

Дешархойн Іама таро хир йу:

• гуларш хІитторан алгоритм карайерзон: монографийн, жанрийн а, тематически а (шаьш терминаш – гуларийн къастамаш – лелош).

Коммуникативни дешаран дарашкахь дешархошна Іемар ду:

а) цхьаьна болх бар санна, хьасене хиларан гурашкахь:

• парти тІехь цхьаьна волчу лулахочуьнца болх бан, жимачу тобанехь, йоккхачу тобанехь: вовшашна йукъахь болх а, ролаш а йекъа, шен болх кхочушбан а, йукъарчу балха йукъа и дІатарбан а;

б) зІе хиларан гурашкахь хьасене хилар санна:

• схьабовзийтинчу хьежамийн а, агІонийн башхаллийн бухе дилларх кхета а, царах цхьахдолчунна тІетан а, йа шен хьежам дІабовзийта а хаа.

Цхьана къепене дерзийнчу дешаран кхочушдарийн декъехь дешна волучунна Іемар ду:

• ша-шен тидам бан а, болх дІабахьарна а, кхочушхиллачу жамІана а тІехь тидам бан а.

<u>4-чу классехь дешар чекхдолучу хенахь</u> <u>дешархочунна</u> **<u>Іемар ду:</u>**

• амал кхиарехь а, шен культура билгалйаларехь а нохчийн литературин мехаллех кхета;

• исбаьхьаллин текстан турпалхойн позицеш билгалйан, исбаьхьаллин текстан авторан позицеш билгалйан;

• нохчийн литературин говзарш йешаран процессехь йешаран говзалла лакхайаккха: хезаш а, дагахь а йеша, исбаьхьаллин а, Іилманан а, дешаран а текстийн маьІна даран а, анализан а, хийцаран а коьрта кепаш карайерза а;

• къамел шардархьама нохчийн литературин говзарш йешаран зеделлачух пайдаэца: ладоьгІна/йешна текст йийцаре йарехь дакъа, цу текстана тІе а тийжаш, шена хетарг тІечІагдІан а, бух балон а; йешначун йа ладоьгІначун чулацам текстан кепе хьаьжжина, схьайийцаран (йерриге йа йоцца) кепехь бовзийта; йешначу говзарийн буха тІехь барта дийцар хІоттон, хьасене хиларан декхарш тидаме а оьцуш (тайп-тайпанчу ладогІархошна);

• оьшуш йолу литература ша харжа, шен йешаран гуо кхолла а, шорбан а;

• текстах кхетархьама а, кхин сов хаамаш бовзархьама а куьйгаллин хьостанех пайдаэца.

«Къамелан а, йешаран а гIуллакхан кепаш» дакъа: аудировани, хезаш а, дагахь а йешар, текстан тайп-тайпанчу кепашца болх бар, библиографически культура, исбаьхьаллин говзаран текстаца болх бар, къамелан тIекаренан культура.

Дешна волучунна хуур ду:

• довзаран а, бIаьргтохаран а, хаьржинчу а, талламан а йешаран процесссехь дагахь йеша;

• говзаран тема а, коьрта ойла а билгалйан; текст маьIнийн дакъошка йекъа, текстан план хIоттон а, йухасхьайийцарехь цунах пайдаэца а; текст йоцца а, ма-йарра а йухайийца;

• классехь Iамийнчу литературин коьртачу говзарийн чулацам бовзийта а, церан авторш а, цIерш а билгалйан а;

• «СтелаIад» цIе йолчу берийн журналан коьрта чулацам бийца (рубрикийн тIегIанехь);

• говзарийн турпалхойн амалийн мах хадон; цхьана а, тайп-тайпанчу а говзарийн турпалхойн амалш вовшашца йуста; авторна турплахочуьнга болу хьежам билгалбан;

• байтин говзарш йа цу йукъара кийсакаш (харжамца) дагахь йеша, йешаран хотIах лаьцна классерчара олург паргIат тIелаца;

• литературин говзарх йа турпалхочух ша аьллачунна бух балор, говзара йуккъерчу фрагменташца йа къаьстинчу могIанашца и тIечIагIдан;

• элементашца киншка йовза (автор, цIе, титульни агIо, «Чулацам» агIо, аннотаци, иллюстрациш);

• къаьстинчу говзарна а, говзарийн гуларна а аннотаци хIоттон;

• тайп-тайпан декхарш кхочушдаран Iалашонца библиотекехь ша киншка харжа (магийнчу спискаца йешар; билггалчу темина барта хаам кечбар);

• йешначу говзарийн турпалхойн мах хадор довзийта, классерчарна хетарг гIиллакхехь тIелаца;

• хааман тайп-тайпанчу хьостанашца ша болх бан (дошамаш а, тайп-тайпана справочникаш а йукъалоцуш).

«Литературоведина йукъавигар» дакъа: рифмийн кепаш къастор, халкъан кхолларалли н, авторийн литературин а говзарийн жанрийн башхаллаш къастор, текстехь литературин приемаш (дустар, олицетворени, контраст, гипербола, и. кх. дI.) йовзар а, царах пайдаэцаран бахьанех кхетар а.

Дешна волучунна Iемар ду:

• исбаьхьаллин культурин кхиаран коьрта некъ ган: халкъан кхолларалли тIера авторийн кепашка кхаччалц;

• халкъан говзарш авторийнчарах къастон;

• авторийн литературехь исбаьхьаллин вастийн гIирсаш карон а, вовшах къастон (дустар, олицетворени, гипербола («даздар» олу), контраст, йух-йуха алар, рифмин тайп-тайпана кепаш) а.

Дешна волучун ша бечу, шимма цхьаьна бечу, тобанца йа массара цхьаьна бечу белхан процессехь Iама таро хир йу:

• дуьненан халкъийн, нохчийн а, оьрсийн а туьйранашкахь мифашкахула дуьне дуьне довзаран башхаллаш;

• байтан маьIнин а, поэта хаьржинчу байт кхолларан кепан а зIе карон (классикин а, кхузаманан а поэзин масалш тIехь);

• исбаьхьаллин говзар кхолларехь йаздархочун (поэтан, художникан) кхолларалли н биографин ролах кхета;

• исбаьхьаллин тайп-тайпанчу кепашна (литературин, музыкин, суртдилларан) йукъайогIу говзарш церан тематически цхьаьнайарца йуьстина ца Iаш, церан авторийн дуьнене хьежаман буха тIехь (говзарехь гайтина йолу ойланаш) а йуста йиш йолуш хилар.

«Дешархойн кхолларалли н гIуллакхан элементаш» дакъа: ролашца йешар, барта дешнашца суртдиллар, репродукцишца болх, шаьш тексташ кхоллар (йазйар).

Дешна волучун шаьш бечу, шимма цхьаьна бечу, тобанца йа массара цхьаьна бечу белхан процессехь Iама таро хир йу:

• байтийн а, прозин а текст хезаш йеша:
• классерчаьрца литературин а, суртдилларан а, музыкин а говзарш царна тIехь гайтинчу ойланийн, синхаамийн, сагатдарийн хьежамца йийцаре йар;
• барта а, йозанца а (аларца а/йа йоццачу сочиненица) литерутурин а, суртдилларан а, музыкин а говзарш йийцйаре йечу хенахь шайн хилла ойланаш а, тидамаш а бовзийта.

Довзаран дешаран дарийн декъехь дешна волучунна Iемар ду:

• текстаца паргIат болх бан: талла билгалйинчу аспектах хаамаш билгалбан хаа, билгалйина аспект сацон; талламан аспект сихха хийца хаа;
•карарчу дешаран киншки тIехь а, коплектан кхечу киншкахь тIехь а паргIат хIума лаха; дешаран дошаман корпусех пайдаэца, школин библиотекин фондехь лаха; оьшу хаамаш лаха а, дешаран тайп-тайпанчу Iалашонашкахь цунах пайдаэца а;
• хаамийн тайп-тайпанчу хьостанашца паргIат болх бан (текстан кепехь, суртдилларан я музыкин говзаллехь санна схьагайтинчу).

Коммуникативни дешаран дарашкахь дешна волучунна Iемар ду:

а) цхьаьна болх бар санна, хьасене хиларан гурашкахь:
• дешаран кооперацин тайп-тайпанчу кепаш (шимма цхьаьна бен болх, жимачу тобанехь болх, йоккхачу тобанехь болх) а, социалан тайп-тайпана ролаш (дIахьошверг а, кхочушдийриг а) а;
б) зIе хиларан гурашкахь хьасене хилар санна:
• схьабовзийтинчу хьежамийн а, агIонийн башхаллийн бухе дилларх кхета а, царах цхьахдолчунна тIетан а, йа шен хьежам дIабовзийта а хаа.

Цхьана къепене дерзийнчу дешаран кхочушдарийн декъехь дешна волучунна Iемар ду:

• ша-шен тидам бан а, болх дIабахьарна а, кхочушхиллачу жамIана а тIехь тидам бан а.

Амал кхиаран дешаран кхочушдарийн декъехь дешна ваьллачун Iама таро хир йу:

• шен леларан культура а, дуьненах кхетар а кхолладаралехь литературин йешаран мехаллах кхета;
• шен оьздангаллин-этически къилба цхьана хорша дерзон (говзарийн анализ йаран новкъахь а, церан хьокъехь къамел дечохь а эхь-бехкан мах хадон а, харжам бан а зеделарг гулдан).

ТЕМАТИКИН ПЛАН ХIОТТОР

1 КЛАСС (66 САХЬТ)

Дакъойн тема а, чулацам а	**Дешархойн гIуллакхан характеристика**
Вайна гонахара дуьне – I5 с. Пачхьалкхан а, къоман а символика (гимн, герб). Беснаш. Светофор. Ишколехь. Iаламан дуьне (цIера дийнаташ а, акхарой а, олхазарш, сагалматаш, дитташ, хасстоьмаш, стоьмаш). КIиранан денош.	Берашкахь тIекаренан а, вовшашца лелон йезачу йукъаметтигийн а бакъонаш а, ламасташ а кхиор а, дешаре йолу ойла Iалашйар а. Нийсачу рогIаллехь дIахIиттийнчу сюжетан суьрташца болх: гайтинчу хиламийн анализ, сюжет йийцаре йар, суьрташна тIе а тийжаш, барта дийцар хIоттор. Цхьаьна дийцар хIотторан жамIашца дешаран диалог, хIара йа важа дош лелор догIуш йа ца догIуш хиларх кхетор, диалогехь дакъалацар, шен хьежам бовзийтар а, цуьнан бух балор а.
Вайн Даймохк – I5 с.	
Вайн Даймохк / Соьлжа-ГIала / Вайн турпалхой / Халкъан хазна / Ж. Махмаев “Бераш – вайн хиндерг” йа Арсалиева Люба Соьлжа-ГIала/ Турпалхойх лаьцна тексташ: Кадыров Ахьмад-Хьаьжа; Нурадилов Ханпаша; Шерипов Асланбек; Висаитов Мовлид.	«Даймохк» бохучу дашах кхетам хир бу. Даймохк безар а, ларбар а, Iалашбар а хIун ду хуур ду. Пачхье хIун йу хуур ду. Нохчийн Республикин коьртачу гIалин – Соьлжа-ГIалин – цIе йевзар йу. Соьлжа-ГIалин йоцца истори йевзар йу. ДIадаханчу шерийн турпалхойх а, кхузаманан турпалхочух шен дахарх нохчийн къоман дуьхьа дIаделлачу Кадыров Ахьмад-Хьаьжех а хаарш хир ду. Текстан хиламийн анализ йан а, адамийн Даймехкан дуьхьа леларех а, шайн дуьхьа леларх а кхета Iемар бу.

Вайн йаздархой – 6 с.	
Нохчийн йаздархойн кхолларалла йовзар: Айдамиров Абузар – байт Нана-мохк; Сулейманов Ахьмад – «Дахаран генаш» поэми йукъара кийсак Ахмадов Муса – туьйра Писулиг Гацаев Саид – байт Борз; Халикова Асет – байт Зингат Хатуев А.-Хь.	Нохчийн литературин классикийн а, кхузаманан йаздархойн а кхолларалла йевзар йу. Дийнна дешнаш а, дешдакъойн элементаш а деша, йешначун чулацамах кхета, суьрташна тIе а тийжаш, шайн дешнашца текст схьайийца, хаттаршна жоьпаш дала, говзаран анализ йан, йешначух лаьцна дийца, шайна хетарг говзаран текстах йа кхечу хьостанах пайда а оьцуш, довзийта, кхета а кхеташ йеша Iемар бу.
Халкъан барта кхолларалла – I0 с.	
Аганан иллеш Чехкааларш Дагардарш Кицанаш XIетал-металш Нохчийн халкъан туьйранаш. Тамашийна йоI. Жоьра-Баба. Хьекъале Iу йа Борззий, цхьогаллий, ломмий, Цхьогаллий, пхьагаллий (вариативни дакъа)	Халкъан барта кхолларалла йевзар йу. Текст маьIнин дакъошка йекъа а, план хIоттон а, суьртийн планаца текст йуха схьайийца, иллюстрацишца болх бан, турпалхойн дика а, вочу а амалийн анализ йан, кхета а кхеташ, дийнна дешнашца йеша хаарш хир ду.
ГIиллакх-оьздангаллин дуьне – I0 ч.	
ДоттагIалла. Де, буьйса. Дайна де Беркат Ж. Махмаев Делалой вай А-Х. Хатуев Зингат А. Демеев Малонче С. Эдилов ГIан Деза дешнаш	«ДоттагIалла», «беркат», «дикалла», «къинхьегам безар», «гIиллакх» боху кхетамаш а бевзар бу, адаман дахарехь церан мехаллех а хкетар бу. КхидIа хьур ду хаарш шардар: ойла а йеш, кхета а кхеташ, йешар, йешначу говзарийн турпалхойн леларийн анализ йан; къаьсташ а, кхеташ а дийнна дешнаш дешар.
Кхечу къаьмнийн литература - 3 с. Осеева В. – дийцарш «Цхьаьна», «Иштта дIа»; Сутеев В. – туьйра «Iаж»,	«ДоттагIалла», «беркат», «дикалла», «къинхьегам безар», «гIиллакх» боху кхетамаш а бевзар бу, адаман дахарехь церан мехаллех а кхетар бу. КхидIа хьур ду хаарш шардар: ойла а йеш, кхета а кхеташ, йешар, йешначу говзарийн турпалхойн леларийн анализ йан; къаьсташ а, кхеташ а дийнна дешнаш дешар.
Резерв – 7 с.	
Итого 66 с.	

2 КЛАСС (68 САХЬТ)

Разделан ц1е:	Сахьт	Коьрта кхетамашший, хаарший.
1. Даймехкан Iалам. Аьхке. Гуьйре.	**10 с.**	Дешархошна хуур ду массара цхьана, ша-ша еша. Дешархошна хуур ду шайн дагахь, хезаш еша. Авторан дог-ойла гойтуш еша. 1аламан хазалла ган, цуьнан доладан лаам болуш амал кхиор. 1аламан тидам бан хьекъал долуш, цуьнан доладан лаам болуш аалаш хир ю дешархойн. Берашна керла учебник йовзийтар, чулацам бовзийтар. Дийцар «Аьхке дагалецар довзийтар». Керла дийцар «Ч1ерий дахар» довзийтар. Нийса а, шера а дицаран тексташ еша 1амор. Д. Кагермановн дахар, кхолларалла, керла стихотворении «Цанахь» йовзийтар. Нийса а, шера а стихотворенин тексташ еша 1амор.

		«Дог1а дар» ц1е йолу дийцар довзийтар. Нийса а, шера а дийцаран тексташ еша 1амор. Хь. Саракаевн дахар, кхолларалацуьнан керла стихотворени «Гуьйре» йовзийтар. Нийса а, шера а стихотворенин тексташ еша 1амор. «Гуьйренан тидамаш» дийцар довзийтар. Нийса а, шера а дийцаран тексташ еша 1амор. И. Демеевн «Г1а» стихотворени йовзийтар. Нийса а, шера а стихотворенин тексташ йовзийтар. В. Бианкис яздина дийцар «Чан к1орнеш лийчор» довзийтар. Нийса а, шера дийцаран тексташ еша 1амор. Ойлаяр, тидамбар, къамел кхиор. Э. Мамакаевн «Гуьйренан 1уьйре» ц1е йолу стихотворени йовзийтар. Нийса а, шера а стихотворенин тексташ еша 1амор. Д1адаьллачу декъехь баьхна хаамаш т1еч1аг1бар. «Даймехкан lалам. Аьхке. Гуьйре» декъа т1ехь 1амийна произведенеш йовзар таллар. Ойлаяр, хьекъал, тидам , къамел кхиор.
2. Бакхийчара вайна хьоьху.	**7 с.**	Дешархошна хуур ду керлачу декъа т1ехь евзар йолу произведенеш билгалъяха. Кхоллалур бу царех лаьцна шайн кхетам. 1емар ду нийса а, шера а дийцаран тексташ еша. 1емар ду массара цхьана еша, з1енаца еша. Ешаран чехкалла кхиор ю дешархоша. Де, нене лерам болуш, царна муьт1ахь хила лаам болуш аг1онаш хир ю дешархойн амалехь. Дешархошна 1емар ду шайн амалехь диканиг кхио, вониг д1ататта. Шаьш бусалбанаш хилар, бусалбанийн т1едилларш кхочушдан лаам хир бу. Керла дакъа, дийцар «Дений, нанний дика хилар» довзийтар. Нийса а, шера а дийцаран тексташ еша 1амор. Ойлаяр, тидамбар, къамел кхиор. «Ц1ена хи» дийцар довзийтар. Нийса а, шера а дийцаран тексташ еша 1амор. «Ц1ена хила вай?» дийцар довзийтар. Нийса а, шера а дийцаран тексташ еша 1амор. Дийцар «Харцлийна 1у» довзийтар, Нийса а, шера а дийцаран тексташ еша 1амор. Ойлаяр, къамел кхиор. Дийцар «Х1ума яар» довзийтар. Нийса а, шера а дийцаран тексташ еша 1амор. Ойлаяр, тидам бар кхиор. Дийцар «Пайхмара нийсонах лаьцна аьлларг» довзийтар. Нийса а, шера а дийцаран тексташ еша 1амор. Хатуевн «Г1иллакх» ц1е йолу дийцар довзийтар. Нийса а, шера а стихотворни тексташ еша 1амор.
3. Берийн дахар	**8 с.**	Дешархошна хуур ду шайн белхан план х1отто, цуьнан рог1аллица болх бан; нохчийн г1иллакхаш дийца, церан хазалла хасто; дешншаш къасто хуур ду дешархошна. Девзар ду керла дешнаш. Дешархошна хуур ду шайн белхан план х1отто, цуьнан рог1аллица болх бан. Иштта хуур ду стихотворенин т1ехь дуьйцучух лаьцна шайна хетарг ала. Хьехархочун хаттаршна жоьпаш дала. Девзар ду керла дешнаш, хуур ду текстаца болх бан. Хь. Сатуевн «Вайн бераш» ц1е йолу стихотворени йовзийтар. Нийса а, шера а стихотворенин тексташ еша 1амор. Ж. Махмаевн дахар кхолларалла, цуьнан стихотворении «Маликатан доттаг1ий йовзийтар». Нийса а, шера а, кхеташ а дийцаран тексташ еша 1амор. В. Осеевас яздина «Йоккха стаг» ц1е йолу дийцар довзийтар. Нийса а, шера а, кхеташ а дийцаран тексташ еша 1амор.

		А. Гайдаран «Эхь-бехк» дийцар довзийтар. Нийса а, шера а дийцаран тесташ еша 1амор. Т. Ахмадовас яхйина стихотворени «Нура» йовзийтар. Нийса а, шера а стихотворенин тексташ еша 1амор. Ойлаяр, къамел кхиор. З. Муталибовн дахар, кхолларалла, цуьнан дийцар «Дешархойн къийсадаларш» довзийтар. Нийса а, шера а дийцаран тексташ еша 1амор. З.Муталибовн «Мила ву бехке?» дийцар довзийтар. Нийса а, шера а дийцаран тексташ еша 1амор.
4. Вайн доттагIий-дийнаташ.	**12 с.**	Дешархошна хуур ду шайн белхан план х1отто, оцу планан рог1аллица болх бан; дешархошна 1емар ду адамийн вон г1иллакхех лаьцна шайна хетарг ала. Нийса доцу х1ума дийца дешнаш каро; дешархошна 1емар ду текстаца болх бан. Х. Берсановн дийцар «Бексолтин алаша» довзийтар. Нийс а, шера а дийцаран тексташ еша 1амор. Ж. Махмаевн «Ши к1еза» стихотворени йовзийтар. Нийса а, шера а стихотворенин тексташ еша 1амор. Хь. Саракаевн дахар, кхолларалла, дийцар «Борзик» довзийтар. Нийса а, шера а дийцаран тексташ еша 1амор. Туьйра «Зуй, пхьагаллий» довзийтар. Нийса а, шера а туьйранаш деша 1амор.Ойлаяр, тидамбар кхиор. Э. Мамакаевн «Тхан Пису» стихотворении йовзийтар. Нийса а, шера стихотворенин тексташ еша. Ойлаяр, тидамбар кхиор. Х. Берсановн «Геннара совг1ат» дийцар довзийтар. Нийса а, шера а дийцаран тексташ еша 1амор. Д. Кагермановн «Акхарой долчохь» ц1е йолу стихотворени. Нийса а, шера а стихотворенин тексташ еша. Ш. Макаловн «Дехкий дийна муха дисира?» ц1е йолу туьйра довзийтар. Нийса а, шера а тексташ еша 1амор. Х. Берсановн «Барза» ц1е йолу дийцар довзийтар. Нийса а, шера а дийцаран тексташ еша 1амор. Хь. Саракаеавн «Х1орш х1ун ю?» дийцар довзийтар. Нийса а, шера а дийцаран тексташ еша 1амор. Чакхдаьллачу декъехь гулбина хаамаш карлабахар. Тобанашкахь болх бан 1амор
5. Болх - доккха хазахетар.	**6 с.**	З. Муталибовн «Муьлхха а болх оьшуш бу» дийцар довзийтар. Нийса а, шера а дийцаран тексташ еша 1амор. Ж. Махмаевн «Маликат» ц1е йолу стихотворении йовзийтар. Нийса а, шера а стихотворенин тексташ еша 1амор. Х.Берсановн «Хохийн хас» ц1е йолу дийцар довзийтар. Нийса а,шера а дийцаран тексташ еша 1амор. 1. Гайсултановн дахар, кхолларалла, цуьнан «Пхьола ц1е йолу дийцар довзийтар. Нийса а, шера а дийцаран тексташ еша 1амор. Д. Кагермановн «Говзанчаш» ц1е йолу стихотворени йовзийтар. Нийса а, шера а кхеташ а стихотворенин тексташ еша 1амор. «Цаьпцалггий, зингаттий» туьйра довзийтар. Нийса а, шера а еша 1амор.
6. 1а	**8 с.**	1.Мамакаевн дахар, кхолларалла, стихотворени «1а йовзийтар». Нийса а, шера а стихотворенин тексташ еша 1амор. Э. Мамакаевн «Керла шо» стихотворени йовзийтар. Нийса а, шера а стихотворенин тексташ еша 1амор. «1аьнан оьг1азло» туьйра довзийтар. Нийса а, шера а дийцаран тексташ еша 1амор. Ж. Махмаевн «Салазаш хехкар» ц1е йолу стихотворени йовзийтар. Нийса а, шера а стихотворенин тексташ еша 1амор.

		«Говзанча-1а» дийцар довзийтар. Нийса а, шера а дийцаран тексташ еша 1амор. Хь. Саракаевн «Дарц» дийцар довзийтар. Нийса а, шера а дийцаран тексташ еша 1амор. Хь. Саракаевн «1ай юьртахь» дийцар довзийтар. Нийса а, шера а дийцаран тексташ еша 1амор. Д. Кагермановн «Г1ура –дада» стихотворени йовзийтар. Нийса а, шера а стихотворенин тексташ еша 1амор. Хь. Саракаевн «Х1ара маца хуьлу?» стихотворени йовзийтар. Нийса а, шера а стихотворенин тексташ еша 1амор. Чакхдаьллачу декъехь гулбина хаамаш карлабахар. Тобанашкахь болх бан 1амор
7. Вайн Даймохк	**4 с.**	«Нефтах х1ун йоккху?» дийцар довзийтар. Нийса а, шера а дийцаран тексташ еша 1амор. «Вайн хиш чохь хуьлу ч1ерий» ц1е йолу дийцар довзийтар. Нийса а, шера дийцаран тексташ еша 1амор. «Хиш» ц1е йолу дийцар довзийтар. Нийса а, шера а дийцаран тексташ еша 1амор. «Дуьххьарлера трактор» дийцар довзийтар. Нийса а, шера а дийцаран тексташ ешар.
8. Даймехкан яхьйолу кlентий.	**4 с.**	«Асланбек Шерипов» ц1е йолу дийцар довзийтар. Нийса а, шера а дийцаран тексташ еша 1амор. Д. Кагермановн «Со а хир ву танкист» ц1е йолу стихотворени йовзийтар. Нийса а, шера а стихотворенин тексташ еша 1амор. «Сан хьоме доттаг1» дийцар довзийтар. Нийса а, шера а дийцаран тексташ еша 1амор. Бераша карлабохур бу чакхдаьллачу декъах болу хаамаш. Накъосташна хетарг лера, царна хетачуьнга ладог1а, шена хетарг бакъдан. Берийн алсамдер ду ойлаяр, къамел, хьекъал,тидам бар.
9. Дийций вайн нанойх лаций	4 **с.**	«Нефтах х1ун йоккху?» дийцар довзийтар. Нийса а, шера а дийцаран тексташ еша 1амор. «Вайн хиш чохь хуьлу ч1ерий» ц1е йолу дийцар довзийтар. Нийса а, шера дийцаран тексташ еша 1амор. «Хиш» ц1е йолу дийцар довзийтар. Нийса а, шера а дийцаран тексташ еша 1амор. «Дуьххьарлера трактор» дийцар довзийтар. Нийса а, шера а дийцаран тексташ ешар.
10. Бlаьсте, бlаьсте еъна кхечи!	**5 с**.	1.Мамакаевн «Б1аьсте, б1аьсте…!» стихотворени йовзийтар. Нийса а, шера а стихотворни тексташ еша 1амор Х. Берсановн «Олхазарш схьадаьхкина» дийцар довзийтар. Нийса а, шера а дийцаран тексташ еша 1амор. «Б1аьсте» дийцар довзийтар. Нийса а, шера а дийцаран тексташ еша 1амор. Хь. Саракаевн «Х1ун ю иза?» стихотворени йовзийтар. Нийса а, шера а стихотворенеш еша 1амор. 4-г1а чийрик (13 сахьт) 1.Гайсултановн «Б1аьста хьуьнхахь» ц1е йолу дийцар довзийтар.Нийса а,шера а дийцаран тексташ еша 1амор.

3 КЛАСС (68 САХЬТ)

Разделан ц1е:	Сахьт	Коьрта кхетамашший, хаарший.
1. «Даймехкан косташ»	**2 с.**	-З.Муталибовн дахар, кхолларалла а, цуьнан дийцар «Оха болх а бо, деша а доьшу» довзийтар; нийса а шера а кхеташ а дийцаран тексташ еша 1амор. Ойлаяр, тидам бар кхиор. -Берашна 1емар ду произведене ешарехь авторан дог-ойла а, цуьнана 1аламе болу безамах кхета. -Берашна хуур ду хезаш еша т1аьхь –т1аьхьа ша-шена ешарга а боьрзуш; бераш кхетар бу шаьш ешначун чулацамах. -Бераш кхетар ду гонахара 1алам льшуш хилар, цуьнан доладан дезаш хилар. -Къинхьегаме, дешаре безам кхиор.
2.«Аьхкенан 1уьйре»	**13 с.**	-Ж. Махмаевн дахар, кхолларалла, стихотворении «Мангалкомарш» йовзийтар. Нийса а, кхеташ а стихотворни тексташ еша 1омор. Ойлаяр, тидамбар кхиор. Хь Хасаев дахар кхолларалла, дийцар «Комаьрша хьун довзийтар». Нийса а, кхеташ а, шера а дийцаран тексташ еша 1амор. Дешаран книжкин керла дакъа «Аьхке а, гуьйре а» довзийтар, цу декъа т1ехь хила тарло кхиамаш билгалбахар. Ш. Арсанукаевн «Аьхкенан 1уьйре» ц1е йолу произведении йовзийтар. Нийса а, кхеташ а, шера а стихотворни тексташ ешар М. Сулаевн дахар, кхолларалла, керла дийцар «Дог1а деанчул т1аьхьа» довзийтар. Нийса а, шера а, кхеташ а дийцаран тексташ еша 1амор. Ойлаяр, тидам бар кхиор, 1аламе безам кхиор. Д.Кагермановн дийцар «Аьхке» дийцар довзийтар; нийса а, шера а, кхеташ а дийцаран тексташ еша 1амор. Берийн ойлаяр, тидаме хилар, керланиг хаа лаам кхиор. З.Муталибовн дахар, кхолларалла а, цуьнан дийцар «Оха болх а бо, деша а доьшу» довзийтар; нийса а шера а кхеташ а дийцаран тексташ еша 1амор. Ойлаяр, тидам бар кхиор Ж. Махмаевн дахар, кхолларалла, стихотворении «Мангалкомарш» йовзийтар. Нийса а, кхеташ а стихотворни тексташ еша 1омор. Ойлаяр, тидамбар кхиор. Хь Хасаев дахар кхолларалла, дийцар «Комаьрша хьун довзийтар». Нийса а, кхеташ а, шера а дийцаран тексташ еша 1амор. Ойлаяр, тидам бар кхиор. Ойлаяр тидамбар кхиор.
3. «1алам лардар-иза Даймохк ларбар ду»	**8 с.**	-Дийцар «Сан Даймохк» довзийтар; нийса а, шера а дийцарантекстаешша 1амор; Ойлаяр , тидам бар кхиор. -Р. Ахматовндахар, кхолларалла, стихотворени «Эвлахь» йовзийтар». Нийса а, шера а, кхеташ а стихотворнитекстаешша 1амор. -Хь. Хасаевндийцар «Бен» довзийтар; нийса а, шера а дийцаран тексташ еша 1амор. Ойлаяр, хьекъал , къамелкхиор. -Хь. Саракаевн дийцар «Асвадан адамалла» довзийтар; нийса а, шера а дийцаран текстаешша 1амор. Ойлаяр, хьекъал, къамелкхиор. -Берашна 1емар ду нийса, шера дийцаран тексташ еша. -Берашна 1емар дукхеташ, яздархочун дог-ойла а гойтуш стихотворениеша; -Берашна 1емар ду цхьанаэшарехьмеллаша ешарна т1ера ч1ог1а ешаре е боьрзуш дийцаран тексташ еша. -Берашна хуур ду предложени чаккхенгахь соцунг1а ярца билгалъяккха

4.«Берийн дахар»	**8с.**	-Хь. Саракаевн дийцар «Тхойшинна эсий дажо лаьа» довзийтар; нийса а, шера а, кхеташ а дийцаран тексташ еша 1амор. Ойлаяр, тидам бар, къамел кхиор -Ж. Махмаевн дийцар «Коран ангали» довзийтар. Нийса а, кхеташ а, шера а дийцаран тексташ еша 1амор. Ойлаяр, хьекъал, къамел кхиор. - Гайсултановн дийцар «Яраг1и» довзийтар. Нийса а, шера а, къеташ а дийцарантекстаешша 1амор. Къамел, ойлаяр х1ума зер, цуьнан таллам бар. --Хь. Саракаевн стихотворени «Говзанчаш» йовзийтар. Нийса а, шера а, къеташ а стихотворенинтекстаешша 1амор. -чантиевн дахар кхолларалла, керла произведени» Стенна вара мурад г1айг1ане» йовзийтар. Нийса а, шера а кхеташ а дийцаран тексташ еша 1амор. -Муталибовн «Мустапан каранаш» ц1е йолу дийцар довзийтар; нийса а, кхеташ а, шера а дийцаран тексташ еша 1амор - Гайсултановн дийцар «Уггар механлний» довзийтар; Нийса а, кхеташ а, шера а дийцаран тексташ еша 1амор. Къамел, ойлаяр кхиор.
5.«Вайн Даймохк»	**3 с.**	-Учебникан керла дакъа довзийтар; цу декъа юкъайог1у произведенеш йовзийтар; дийцар «Вайн республика» довзийтар, нийса а, шера а, кхеташ а дийцаран тексташ еша. Къамел, ойлаяр, Даймахках дозалла кхиор. -Д. Кагермановн «Сан Кавказ» ц1е йолу дийцар довзийтар; нийса а, шера а, кхеташ а стихотворни тексташ еша. Ойлаяр, къамел кхиор. -Ш. Рашидовн дахар, кхолларалла, стихотворении «Даймахке безам» йовзийтар. Нийса а, кхеташ а стихотворниии тексташ еша. -Берашан 1емар ду, ч1ог1а чу озаца д1абуьйлабелла меллашачу озе а боьрзуш дийцаран тексташ еша -Берашна 1емар ду нийса а, шера а, кхеташ а авторан дог-ойла а гойтуш стихотворни тексташ еша.
6.«Даймохк вай къинхьегамца хестабо»	**5 с.**	-Учебникан керла дакъа довзийтар, керлачу декъатехь хила тарло кхиамаш ган а, билгалбаха а 1амор. Р. Нашхоевн дийцар «Соьга юха а хабар дийцало…» довзийтар. Нийса а, кхеташа а, шера а дийцаран тексташ ешар. Ойлаяр, тидам бар, къамел кхиор. -Ш. Арсанукаевн дахар, кхолларалла, керла произведени «Сан йиша» йовзийтар. Нийса а, кхеташ стихортворни тексташ еша 1амор. Ойлаяр, къамел кхиор. -Т. Закаевн «Сох а хир ву г1ишлоярхо» ц1е йолу дийцар довзийтар. Нийса а, кхеташ а, шера а дийцаран тексташ еша 1амор. -Б. Чалаевн «Кхолларалллин лехамехь» ц1е йолу дийцар довзийтар. Нийса а, кхеташ а, шера а дийцаран тексташ еша 1амор. - Берашна 1емар ду меллашачу озана т1 ера ч1ог1ачу озана т1е а воьрзуш дийцаран тексташ еша 1амор. Дийцаран чулацамах кхета а 1емар ду бераш -Берашна 1емар ду яздархочун дог-ойла а гойтуш стихотворни тексташ еша. -Берийн искусстве безам кхоллалур бу, хелхарча хила лаам хир бу. -Берашна евзар ю керла корматталла, цуьнга кхиа , караерзо лаам хир бу.
7. «1а»	**15 с.**	-Учебникан керла дакъа довзийтар, цу декъа т1ехь евзар йолу произведенеш билгалъяхар. -М. Сулаевн «Лайн чимаш» ц1е йолу стихотворении йовзийтар. Нийса а, кхеташ а, шера а еша 1амор. Ойлаяр, тидам бар, къамел кхиор. -Хь. Хасаевн «Хьуьнхахь 1а» ц1е йолу дийцар довзийтар, нийса а, кхеташ а, шера а дийцаран тексташ еша 1амор. Ойлаяр, къамел дар кхиор. -Ж. Махмаевн «Ло деана» ц1е йолу стихотворении йовзийтар. Нийса а, кхеташ а, шера а еша 1амор. Ойлаяр, тидам бар, къамел кхиор.

		-Д. Кагермановн «1аьнан хьаша» ц1е йолу дийцар довзийтаран 1-ра дакъа, нийса а, кхеташ а, шера а дийцаран тексташ еша 1амор. Ойлаяр, къамел дар кхиор. - Мамакаевн дахар, кхолларалла, «1а» ц1е йолу стихотворении йовзийтар. Нийса а, кхеташ а, шера а еша 1амор. Ойлаяр, тидам бар, къамел кхиор. -Гайсултановн «Цергков» ц1е йолу дийцар довзийтар, нийса а, кхеташ а, шера а дийцаран тексташ еша 1амор. Ойлаяр, тидамбар, къамел кхиор. -Берашна 1емар ду яздархочун дог-ойла а гойтуш стихотворни тексташ еша. -Берашна 1емар ду хезаш а, меллаша а дийцаран тексташ еша. Берашна 1емар ду чулацамах кхета -Берашна 1емар ду нийса а, кхеташ а, шера а яздархочун дог-ойла а гойтуш стихотворни тексташ еша. 1аламе безам хир бу, цуьнан хазалла ган лаам хир бу Берашна хуур ду 1ьнан 1аламан тидам бан. -1аламан газаллин тидама бан, цуьнан доладан лаам кхоллар.
8.«Толаман де»	6 с.	-Ш. Рашидовн «Ханпаша» ц1е йолу произведени йовзийтар; нийса а, шера а, кхеташ а стихотворни тексташ еша. Нохчийн силахь турпалхой, церан хьуьнарш довзийтар -Х. Ошаевн «Иччархо Абухьаьжа Идрисов» ц1е йолу дийцар довзийтар. Нийса а, шера а, кхеташ а дийцаран тексташ еша -Х.Эдиловн «Толам» ц1е йолу стихотворени йовзийтар, нийса а, кхеташ а, шера а тексташ еша. берашан учебникан керла дакъа «Толаман де» довзийтар. -Берашна 1емар ду нийса а, кхеташ а, шера а стихотворни тексташ еша, чулацамах кхета -Берашна 1емар ду нийса а, шера а, кхеташ а дийцаран тексташ еша. -Берашна 1емар ду нийса а, шера а, кхеташа стихотворни тесташ еша -Берашан нохчийн турпалхой бовзийтар, царах дозалла дан 1амор. -Берашна 1емар ду Даймахкан кхиамех дозалла дан.
9. «Б1аьсте йог1у, б1аьсте йог1у»	**6 с.**	-«Б1аьстенан юьхь» ц1е йолу стихотворении йовзийтар; нийса а, кхеташ а , шера а стихотворни тексташ еша 1амор.Ойлаяр , тидам бар , къамел кхиор. -Берашна Хь.Хасаевн «Стовно-ворх1азза…» ц1е йолу дийцар цовзийтар. Нийса а, кхеташ а дийцаран тексташ еша 1амао; хаамаш карлабахар. Харш таллар. - Гайсултановн «Б1аьсте т1ейог1уш» ц1е йолу дийцар довзийтар. Нийса а, кхеташ а, шера а дийцаран тексташ еша 1амор. -М. Сулаевн «Б1аьсте» ц1е йолу дийцар довзийтар; нийса а, шера а дийцаран тексташ еша. Б1аьстенан аматаш довзийтар. Ойлаяр, тидамбар кхиор. -Б. Саидовн дахар, кхолларалла, «Барх1алг1а март» ц1е йолу стихотворении йовзийтар; нийса а, шера а, кхеташ а стихотворенин тексташ еша 1амор -Хь. Саракаевн «Мамина совг1ат» ц1е йолу дийцар довзийтар; нийса а, кхеташ а, шера а дийцаран тексташ еша -Хь. Сатуевн «Б1аьсте йог1у» ц1е йолу стихотворении йовзийтар; нийса а, шера а, кхеташ а стихотворенин тексташ еша 1амор -Гайсултановн «1алам хаздан деза» ц1е йолу дийцар довзийтар. Нийса а, шера а, кхеташ а дийцаран тексташ еша 1амор.
10. «Халкъан барта кхолларалла»	**2 с.**	-«Ден весет» ц1е йолу дийцар довзийтар; нийса а, шера а тексташ еша 1амор. Хьекъал, къамел кхиор. -«Бабин Ч1ирдиг» ц1е йолу дийцар довзийтар; нийса а, шера а тексташ еша 1амор. Хьекъал, къамел кхиор. -Халкъан туьйра «Бекхам» довзийтар; нийса а, кхеташ а, шера а

		туьйранаш деша 1амор. -Халкъан туьйра «Тешам боцу лулахой» довзийтар; нийса а, кхеташ а , шера а туьйранаш деша 1амор -Чакхдаьллачу декъехь гулбина хаамаш карлабахар. Харш таллар. Берашна евзар ю халкъан барта кхолларалла йовзийтар, цуьнан тайпанаш девзар ду. -Берашна 1емар ду нийса а, шера а, кхеташ а туьйранаш деша. Дешархошна хуур ду шаьш еша книга харжа.

4 КЛАСС (68 САХЬТ)

Разделан ц1е:	Сахьт	Коьрта кхетамашший, хаарший.
«Хьомечу 1аламан суьрташ»	**9 с.**	Тайп-тайпанчу ешарх пайдаэца хуур ду: къастош, кхетош. Чалацамах лаьцна шен кхетам хир бу, цунах дерг ала хуур ду. Дешархошна хуур ду произведенин чулацамах дерг ала. 1емар ду ч1ог1а еша, оьшуш лаьтташ ша-шена ешаре берза. Шаьш ешнарг юха г1алаташ нисдеш еха хуур ду берашна, яздархочун дог-ойла а гойтуш еша 1емар ду. Произведенин чулацамах дерг ала хуур ду цуьнан ц1е йовзарца. Дешархошна 1емар ду тайп-тайпана ешаран корматталлаш караерзо (меллаша ешар, т1аьхь-таьхьа ч1ог1а волуш ешар, кхеташ ешар). Дийцаран тексташ ч1ог1а еша хуур ду, т1аьхь-таьхьа шаьш-шайна ешаре а боьрзуш. Ч1ог1а ешарехь кхиамаш баха 1емар ду.Ешначун чулацамах кхета, коьртаниг довза хуур ду. Дийцаран тексташ ч1ог1а еша хуур ду, т1аьхь-таьхьа шаьш-шайна ешаре а боьрзуш. Ч1ог1а ешарехь кхиамаш баха 1емар ду.Ешначун чулацамах кхета, коьртаниг довза хуур ду. Произведенин чулацамах дерг ала хуур ду, цуьнан ц1е йовзарца. Дешархошна 1емар ду тайп-тайпана ешаран корматталлаш караерзо (меллаша ешар, т1аьхь-таьхьа ч1ог1а волуш ешар, кхеташ ешар). Произведенин чулацамах дерг ала хуур ду, цуьнан ц1е йовзарца. Дешархошна 1емар ду тайп-тайпана ешаран корматталлаш караерзо (меллаша ешар, т1аьхь-таьхьа ч1ог1а волуш ешар, кхеташ ешар). Берашна хуур ду произведенин чулацамах дерг довза. Хуур ду юх-юха произведении ешарца шайн г1алаташ нисдан. 1емар ду ешарехь авторан дог-ойла билгалъяккха. Дешархошна хуур ду текст ешале цуьнан чулацамах шайн кхетамехь кхоллабелла кхетам бийца. Берашна 1емар ду тайп-тайпанчу эшарехь тексташ еша (меллаша еша, хезаш еша, «олхазарийн базарахь» сана ешар. Дешархошна хуур ду произведенин чулацам стенах лаьцна хир бу хаа. Дешархошна хуур ду хезаш еша т1аьхь-т1аьхьа шайн дагахь ешар т1е а бовлуш. 1емар ду шаьш юха йоьшуш, хьалха даьхна г1алаташ ган, уьш нисдан. Шена еша книга харжа хаар, д1агайтинчу книгаш юкъара. Шен ешаран корматаллин бах хадо хуур ду.
«Вайн Даймехкан д1адаханчунна т1ера»	**10 с.**	Керлачу декъан чулацамах дерг довза хуур ду дешархошна, керлачу произведенех лаьцна шайн кхетам хир бу. Дешархошна хуур ду хезаш еша, т1ахь-т1аьхьа ша-шена ешаре а боьрзуш. Юха ешарца шаьш даьхна г1алаташ нисдан хуур ду. Берашна хуур ду дийцаран чулацамах дерг довза. 1емар ду хезаш еша, т1аьхь-таьхьа шена ешаре верза. Ешаран сихалла алсамъяккха, ша хьалха йоьшуш даьхна г1алаташ нисдеш еша. Дийцаран чулацаман хьокъехь кхетам хир бу дешархойн. Хуур ду юх-юха произведени ешарца шайн г1алаташ нисдан. 1емар ду ешарехь авторан дог-ойла билгалъяккха. Ешаран сихалла алсамъяккха, ша хьалха

		йоьшуш даьхна г1алаташ нисдеш еша. Дийцаран чулацамах лаьцна шайн кхетам хир бу. Дешархошна шайн дагахь еша, хезаш еша хуур ду. Шаьш хьалха йоьшуш даьхна г1алаташ нисдийр дую ха ешарца. Берийн дийцаран чулацамах лаьцна шайн кхетам хир бу.Дешархошна 1емар ду меллаша, шайн дагахь еша, т1ахь-т1аьхьа ч1ог1аволуш еша. 1емар ду юхаешарца шаьш хьалха даьхна г1алаташ нисдеш еша. Дешархошна хуур ду чулацамах лаьцна шайн хаам хила. Дешархошна хуур ду шайн дагахь еша, хезаш еша, къастош еша. Хуур ду дешаран сихха́лла, нийсалла хилийта. Шаьш г1алаташца ешнарг, юха нисъеш еша 1емар ду.
«Вайн республика Нохчийчоь»	**5 с.**	Берашна хуур ду керлачу декъан чулацамах дерг ала, произведенеш, церан авторш бовза**.** Берашна хуур ду чулацамах дерг ала. 1емар ду тайп-тайпанчу эшаршкахь еша: меллаша, хезаш, аз хийцош. Ешаран темп алсамйоккхур ю. Шаьш даьхна г1алаташ юх-юха ешарца д1анисдийр ду. Дешархойн дийцаран чулацамах лаьцна шайн кхетама хир бу. 1емар ду меллаша а, хезаш а, аз хийцош а еша. Берашна хуур дую ха ешарца шайн г1алаташ нисдан. Дешархойн дийцаран чулацамах лаьцна шайн кхетама хир бу. 1емар ду меллаша а, хезаш а, аз хийцош а еша. Берашна хуур дую ха ешарца шайн г1алаташ нисдан. Дешархойн гуллур бу произведенин чулацамах болу кхетам. 1емар ду меллаша, хезаш а, ша-шена а еша. Дешархошну хуур ду юха ешарца, шаьш доьхна г1алаташ 4нисдан.Дешархошна1емар ду авторан дог-ойла гойтуш , интонации ларъеш еша. Дешархошна хуур ду шаьш 1амийна произведенеш цхьацца билгалонашца йовза. Хуур ду оьшу к1айдарг произведенехь каро, д1аеша.
«Вайга туьйранаша кхойкху»	**7 с.**	Дешархошна 1емар ду туьйранаш дийца, церан башхаллаш йовза. Шайна кегийра дийцарш х1итто 1емар ду. Дешархошна хуур ду шайн дагахь еша, хезаш, къастош еша. Шайна хазъелла к1айдарг схьайийца цуьнан коьртачу турпалхочун ц1арах. Дешархошна туьйранийн башхаллаш евзар ю, шайна хазъелла к1айдарг схьайийца хуур ду. Дешрахошна 1емар ду шайн дагахь, къастош еша. Хуур ду коьртачу турпалхочун ц1арах шацн туьйранаш кхолла, уьш схьадийца. Дешрахошна хуур ду шайн дагахь еша, хезаш еша, къастош еша. Кхетар бу туьйрана кортачу маь1нах лаьцна, х1уур ду чулацам шайн дешнашца схьабийца. Туьйранан чулацамах лаьцна шайн кхетам хир бу дешархойн. Дешархошна хуур ду шайн дагахь, хезаш, къастош еша. Юха ешарца шаьш даьхна г1алаташ нисдан 1емар ду дешархошна. Дешархошна 1емар ду дагахь а, хезаш а къастош а еша. Хуур ду адамийн амалшка хьаьжжина яххьашца еша. Шаьш йоьшуш даьхна г1алаташ, юха йоьшуш нисдан а. Дешархошна 1емар ду чулацамх лаьцна шайн кхетам гулбан, цунах дерг каро текста юкъахь. Дешархошна хуур ду керлачу декъан чулацамах дерг ала. 1емар ду нийса эшарш, х1етал-металш, кицанаш деша. Дешархошна хуур ду халкъан дог-ойла а гойтуш эшарш еша, х1етал-металша жоьпаш лаха, кицанийн маь1нех кхетар бу.
«Нохчийн къоман баккхий яздархой»	**9 с.**	Дешархойн произведенин чулацамах лаьцна хаамаш гуллур бу. Дешархошна 1емар ду шайн дагахь а, хезаш а, авторан дог-ойла гайтарца а еша. Дешархошна хуур ду дийцаран чулацамах лаьцна шайн коьртехь кхетам хила .1емар ду шайн дагахь а, хезаш а , къастош а еша. Дешархоша

		алсамдоккхур бу текст чехка ешар. Дешархойн кхоллалур бу произведенин чулацамах лаьцна хаамаш. 1емар ду шайн дагахь, хезаш, яздархочун дог-ойла гойтуш стихотворенин тексташ еша. Дешархошна 1емар дую ха ешарца шаьш даьхна г1алаташ нисдан. Дешархойн хир бу дийцаран чулацамах лаьцна шайн хаамаш.1емар ду шайн дагахь, хезаш, къастош еша. Дешархошна 1емар дую ха ешарца хьалха даьхна г1алаташ нисдан. Дешархойн хир бу дийцаран чулацамах лаьцна шайн хаамаш.1емар ду шайн дагахь, хезаш, къастош еша. Дешархошна 1емар дую ха ешарца хьалха даьхна г1алаташ нисдан. Дешархойн хир бу произведенин чулацамах хаамаш. Хуур ду шайн дагахь а, хезаш а, авторан дог-ойла гойтуш а еша. Хуур ду ешаран сихалла кхио, юха ешарца хьалха йоьшуш даьхна г1алаташ нисдан. Дешархойн хир бу произведенин чулацамах хаамаш. Хуур ду шайн дагахь а, хезаш а еша. Хуур ду ешаран сихалла кхио, юха ешарца хьалха йоьшуш даьхна г1алаташ нисдан. Дийцаран чулацам схьабийца хуур ду. Ша еша книга харжа 1амор. Шен ешархочун корматаллин мах хадо 1амор, т1еоьшу г1ирс каро хуур ешанчу маь1нах кхета.
«Сийлах-доккхачу зеран муьрехь»	**5 с.**	Дешархошна хуур ду керлачу декъан 1алашо билгалъяккха, чулацаман тидам бан. Керлачу произведенех шайн кхетам хир бу. Хуул ду шайн дагахь, хезаш, къастош еша, дийцаран чулацам схьабийца. Дешархойн кхолалур бу дийцаран чулацамах лаьцна шайн хаамаш. 1емар ду шайн дагахь, хезаш, къастош еша. Хуур ду чулацам схьабийца. 1емар ду юхаешарца хьалха йоьшуш даьхна г1алаташ нисдан, ешаран чехкалла кхио. Дешархошна хуур ду дийцаран чулацамах лаьцна шайн хаамаш гулбан. 1емар ду хезаш, ч1ог1а, къастош еша. Дешархойн алсамдер ду ешаран сихалла. Юха ешарца шаьш даьхна г1алаташ нисдан хуур ду. Дешархошна хуур ду дийцаран ц1е ешарца, цуьнан чулацамах кхета. 1емар ду дийцаран коьрта маь1на къасто. Дешархошна хуур ду шайн дагахь, хезаш, къастош еша. Хуур ду г1алаташ нисдеш еша. Шайн ешаран чехкалла кхио хуур ду дешархошна. Ша еша книга харжа 1амор. Шен ешархочун корматаллин мах хадо 1амор, т1еоьшу г1ирс каро хуур ешанчу маь1нах кхета. Даймехкан турпалхой бовзар кхиор.
«Болх бе, халкхан дуьхьа ваха»	**11 с.**	Учебникан керлачу декъан чулацам бевзар бу дешархошна, цуьнан 1алашонах кхетар бу. Дийцаран ц1е тидаме эцарца, цуьнан чулацамах кхетам хир бу. Шайн дагахь а, хезаш а, къастош а еша 1емар ду. Ешначун чулацам схьабийца хуур ду. Ешаран чехкалла кхуьур ю. Дешархойн кхоллалур бу дийцаран чулацамах лаьцна шайн хаамаш. 1емар ду аз хийцош еша, къастош еша. Дешархошна 1емар ду дийцаран чулацам схьабийца, ешаран чехкалла алсамъякха. Дешархойн дийцаран чулацамах лаьцна шайн кхетам хир бу. Хуур ду хезаш, шайн дагахь, къастош дийцаран тексташ еша, чулацам схьабийца. Шайн ешаран чехкалла кхиор ю. Дешархойн дийцаран чулацамах лаьцна шайн кхетам хир бу. Хуур ду хезаш, шайн дагахь, къастош дийцаран тексташ еша, чулацам схьабийца. Шайн ешаран чехкалла кхиор ю. Дешархойн дийцаран чулацамах лаьцна шайн кхетам хир бу. Хуур ду хезаш, шайн дагахь, къастош дийцаран тексташ еша, чулацам схьабийца. Шайн ешаран чехкалла кхиор ю. Дешархойн дийцаран чулацамах лаьцна шайн кхетам хир бу. Хуур ду хезаш, шайн дагахь, къастош дийцаран тексташ еша, чулацам схьабийца. Шайн ешаран чехкалла кхиор ю. Ша еша книга харжа 1амор. Шен ешархочун корматаллин мах хадо

		1амор, т1еоьшу г1ирс каро хуур ешанчу маь1нах кхета.
«Б1аьсте ю т1ейог1ург…»	**6 с.**	Дешархошна хуур ду учебникан чулацам бовза. Керлачу дийцаран чулацамах лаьцна шайн ойланаш хир ю дешархойн. Хуур ду хезаш, къастош, шайн дагахь еша. Ешаран чехкалла кхиор ю дешархоша. Дешархошна хуур ду дийцаран чулацамах кхетам гулбан. 1емар ду шайн дагахь, хезаш, къастош еша. Юхаешарца шайн г1алаташ нисдан хуур ду. Ешаран чехкалла кхуьур ю. Дешархошна хуур ду стихотворенин чулацамах лаьцна шайна хетарг ала. 1емар ду хезаш, шайн дагахь еша. 1емар ду юхаешарца шайн г1алаташ нисдан. Дешархошна хуур ду шайн дагахь, хезаш еша. Юха ешарца шаьш даьхна г1алаташ нисдан. Авторан дог-ойла, аз хийцорца билгалъяккха. Ешаран корматалла кхиор.
«Машарехьа, доттаг1аллехьа къийсам»	**2 с.**	Произведенин чулацамах лаьцна шайн цхьа хаамаш хир бу дешархойн. 1емар ду шайн дагахь еша, хезаш, авторан дог-ойла гойтуш еша. Юха ешарца шайн шайн ешаран чехкалла кхиор ю. Произведенин чулацамах лаьцна шайн цхьа хаамаш хир бу дешархойн. 1емар ду шайн дагахь еша, хезаш, авторан дог-ойла гойтуш еша. Юха ешарца шайн шайн ешаран чехкалла кхиор ю.
«Оьрсийн сийлахь – баккхий яздархой»	**4 с.**	Дешархошна хуур ду керлачу декъан чулацамах кхета, произведенийн чулацамах лаьцна шайн хаамаш гулбан. Оцу декъа юкъа ялийначу произведенийн башхаллех, тематикех кхетар. Дешархошна хуур ду коьртачу турпалхойн амалш а гойтуш еша. Хуур ду ешаран чехкалла алсамъяккха. Дешархошна хуур ду чулацамах шайн кхетам гулбан. 1емар ду шайн дагахь, хехаш, яххьашца а еша. Дешархошна 1емар ду ешаран корматалла кхио, шайн г1алаташ нисдан. Дешархошна хуур ду чулацамах шайн кхетам гулбан. 1емар ду шайн дагахь, хехаш, яххьашца а еша. Дешархошна 1емар ду ешаран корматалла кхио, шайн г1алаташ нисдан. Дешархошна хуур ду чулацамах шайн кхетам гулбан. 1емар ду шайн дагахь, хехаш, яххьашца а еша. Дешархошна 1емар ду ешаран корматалла кхио, шайн г1алаташ нисдан. Дешархошна хуур ду хезаш, меллаша, къастош а еша. 1емар дую ха ешарца, шайн г1алаташ нисдан. Чулацам схьабийца 1емар ду.

ТЕМАТИЧЕСКИ, КХОЛЛАРАЛЛИН, ЖАМIИЙН ТАЛЛАМАН БЕЛХИЙН А, ПРОЕКТИЙН А ДЕШАРАН ШЕРАШКАХУЛА ГЕРГГАРЧУ ХЬЕСАПАН ТЕРАХЬ

Литературни йешар	1-ра класс	2-гIа класс	3-гIа класс	4-гIа класс
Кхолларалли белхаш	1	2	4	4
Проекташ	1	1	1	1
Тематически тесташ		3	4	4
Шеран стандартизированни талламан белхаш		1	1	1
Литературни йешарехула дерриге а	2	7	10	10

Йуххедиллар 1

Іаморан-методически кхачойар

Іаморан-методически пособиш

I. Дешаран книжка. Белхан тептар. 1-ра класс.
2. Дешаран книжка. Белхан тептар. 2-гІа класс.
3. Дешаран книжка. Белхан тептар. 3-гІа класс.
4. Дешаран книжка. Белхан тептар. 4-гІа класс.
5. Берийн бошмашна а, йуьхьанцарчу классашна а лерина хрестомати. /ХІоттийнарг. Эдилов С.Э. Соьлжа-ГІала, 20І8.

Іилманан литература

Эдилов С.Э. Нохчийн мотт а, керла технологеш а. Соьлжа-ГІала, 20І8.
Арсанукаев А.М. Школехь исбаьхьаллин произведени таллар. Соьлжа-ГІала, 20І3.

Методически литература

Эдилов С.Э. Дагалецамийн денош а, суьйренаш а
Ишколин даздарийн, викторинийн, къовсадаларийн, суьйренийн сценариш. Соьлжа-ГІала, 20І8.

Дошамаш

I. Мациев А.Г. Нохчийн-оьрсийн словарь. М.: ГИИ НС, І96І. 625 а.
2. Абдулкадырова Р.А. Йуьхьанцарчу ишколана лерина суьрташкахь нохчийн-оьрсийн-ингалсан дошам. Соьлжа-ГІала, 20ІІ.

Хаамийн-ресурсни кхачойар

I. desharkho.ru – Нохчийн элекиронни школа.
2. ps95.ru/dikdosham/ - Нохчийн-оьрсийн, оьрсийн-нохчийн онлайн дошам.

Йуххедиллар 2

Урокал арахьа дІайахьа магийнчу мероприятийн перечень

Кху программо иштта йукъалоцу дешархойн урокал арахьара мероприятиш а. «Ненан (нохчийн) маттахь литературни йешар» предметан чулацамца догІуш долу урокал арахьара гІуллакхаш билгал а дой, вовшахтуху йуьхьанцарчу классийн дешархойн башхаллаш а, хьашташ а, Нохчийн Республикин къаьмнийн а, этнокультурин а башхаллаш а тидаме а оьцуш. Урокал арахьарчу гІуллакхан маьІна ду ийманехь кхетош-кхиорна а, оьздангаллин нийса харжам бар кхиорна а тІехьажийна болу культурно-кхолларалли болх дешархоша кхочушбар.

«Ненан (нохчийн) маттахь литературни йешар» предметан чулацамца догІуш, урокал арахьара гІуллакх кхочушдарна леринчу сахьтийн барам дешаран хьукмато билгалбо.

Класс	Мероприятин кеп	Тема	Дешархоша кхочушдечу гІуллакхийн коьртачу кепийн характеристикаш
I	Къамел	Сан дуьххьарлера киншкаш	Презентацига хьовсар. Къамелехь дакъалацар. Хаттаршна жоьпаш далар. Темица догІуш хаттарш дар. Хетарг довзийтар. Йеша киншка харжарх а, киншкица болх баран бакъонех а хаамаш бовзар. Йеша киншка харжар. Йовзаран Іалашонца кишкашка хьовсар.
I	Интегрированни заняти-дезде	Ненан мотт	Къамелехь дакъалацар. Байташ йешар. Иллеш алар, эшарш лакхар. ХІетал-металш дастар.

2	Киншкина реклама йаккхар	Суна дукхайеза киншка	Билгалйинчу темина киншкаш харжар. Билгалйина тема йийцаре йар. Текстан реклама хIоттор. Хаттаршна жоьпаш далар. Реклама йовзийтар. Хетарг довзийтар.
2	Виртуалан гездар	Нохчийн Республика – сан хьоме мохк	Презентацига хьовсар. Республикин гIаланех а, бIаьрла меттигех а болчу хаамашка ладогIар. Къамелехь дакъалацар. Темица йогIу говзарш йешар.
2	Проектан болх	Сан доьзал	Проектан болх кхочушбархьама оьшуш йолу материлаш гул а йеш, кечйар. Билгайинчу темина байташ, дийцарш йаздар. Проект кхочушйар а, тергамах чекхйаккхар а (куьйга йина киншка кечйар).
2	Йешархойн къовсадалар	Поэзин дезде	Байташ къастош а, дагахь а йешар. Литературин меттан кепаш ларйар. Хаттаршна жоьпаш далар. Байташ йешаран мах хадор. ЖамIаш дийцаре дар.
3	Ловзар	Туьйранийн турпалхойн парад (болам)	Ловзарехь дакъалаца. ТIедахкарш кхочушдар. Хаттаршна жоьпаш далар. Хаттарш дар.
3	Виртуалан гездар	Киншкин истори	Кишкаш йовзар. Церан тайпанаш билгалдар. Йийцаре йар, хаттарш кечдар. Билгалйинчу темин хьокъехь ойла йар.
3	Проектан болх	Суна дукхадезачу дийнатах безамца	Проектан болх кхочушбархьама оьшуш йолу материлаш гул а йеш, кечйар. Билгайинчу темина байташ, дийцарш йаздар. Проект кхочушйар а, тергамах чекхйаккхар а.
3	Йешначу говзарш тIехь жима спектакль	Довзий вай?	Говзарш йешар. Сурт гайтрахьама ролаш харжар. Театрализацина декорациш кечйар. Спектаклехь дакъалацар. Йийцаре йарехь дакъалацар.
4	Жима-проект	Халкъан хьекъало боху	Проектан болх кхочушбархьама оьшуш йолу материлаш гул а йеш, кечйар. Билгайинчу темина байташ, дийцарш йаздар. Проект кхочушйар а, тергамах чекхйаккхар а.
4	Къамел	Хазалла хIун йу?	Къамелехь дакъалаца. Проблема хIоттийнчу хаттар тIехь ойла йан. Хетарг довзийта. Темина дийцар а, монолог а хIоттон (кхолла).
4	Викторина	Вай а, Iалам а	Викторинехь дакъалаца. Проблема хIоттийнчу хаттар тIехь ойла йан. Кхолларалин кепара тIедахкарш кхочушдан. Хаттаршна жоьпаш дала. Хетарг довзийта.
4	Къамел	Вайн къоман (халкъан) дезденош	Дезденойх лаьцначу хаамашка ладогIа. Къамелехь дакъалаца. Хаттаршна жоьпаш дала. Хетарг довзийта.

Белхан программа кечйечу хенахь тематикин план хIотторехь тидаме эцна хила йеза дешаран-методически материалаш йолу (мультимедин программаш, электронан Iаматаш а, задачникаш а, электронан библиотекаш, виртуалан лабораториш, ловзаран программаш, цифровой Iаморан ресурсийн коллециш) электронан (цифровой) Iаморан гIирсех пайдаэцаран таронаш, пайдаэцархойн тайп-тайпана тобанаш Iаморехь а, кхетош-кхиорехь а шайх пайдаоьцуш йолу а, электронан (цифровой) кепехь схьайелла а йолуш, ИКТ-н дидактикин таронаш кхочуш а йеш, шайн чулацам дешарх долчу низамца цхьаьнабогIуш а болуш.